

**ÆНÆРАСТ ЛÆГÆН Æ КУЙБÆЛ ДÆР МА ÆУУÆНДÆ!..**

*Дидро Дени (1713-1784), францусаг финсæг, рохситауæг: «А дуйнебæл еунæг уæхæн дзубанди дæр нæййес, куд загъд æрцудæй, уотемæй ке балæдæрдтæнцæ, уæдта еунæг уæхæн гъуддаг дæр нæййес, куд арæзт æрцудæй, уотемæй ке райстонцæ...» Æма нури хецауеуæггæнгути дзубандитæ куд балæдæрæн ес, ци гъуддæгутæ аразунцæ, уони куд райсæн, кæд æма си хумæтæг адæмæн хуарзæй неци ес?*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№3 (830) 2022 анзи 28 январь – æнсури мæйæ

Аргъ 1 туман





# ГЪÆУАМА УСТУРЗÆРДÆ МА УÆН!..

Абони ци хъæбæр тæссаг эпидемиологон уавæр исæвзурдæй æнæгъæнæ дуйней, уой хæццæ ба Уæрæсей дæр æма Иристони дæр, уой нæхуæдтæ уинæн. Уой дæр уотид нæ уинæн, фал, гъулæггагæн, æ фудбæлахæй ни беретæ фæззæрддзæф кодта – карæмæ нæ кæсгæй нин не 'хсæнæй байста нæ хеуæнтти, зонгити...

Уæхæн уавæри гъæуама зингæ бæрнондæр гъæуама уæн, нæхе дæр æма кæрæдзей дæр гъæуай кæнæн еци тæссаг нези азарæй, фал...

Куд алли хатт, уотæ бабæй нæхе æгæр устурзæрдæй æвдесæн, коронавируси нихмæ мадзæлттæ æнæмæнгæ гъæуама æнхæст кæнæн, уонæмæ цийфæнди цæстæй кæсæн, гъома, некæд мин неци уодзæнæй, зæгъгæ, æнгъæл уогæй.

Æма е ба хъæбæр хесайди гъуди æй. Уæхуæдтæ 'й уинетæ, цæйбæрцæ адæм æнай-æнойти æрбасæйгæ унцæ.

Уой фæдбæл бабæй дзубанди цудæй коронавируси нихмæ тохи фæдбæл арæзт республикон оперативон штаби радон æмбурди. Разамунд ин лæвардта Цæгат Иристони Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис.**

2

# ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

**Æ РАФИНСУНИ АРГЪ 2022 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ. ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ.**




**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР**

## ИМИСУЙНАГ ЦАУ



### ЛЕНИНГРАДИ ÆНÆМÆЛГÆ НАМУС

Устур Фидибæстон тугъди рæстæг немуцаг-фашистон æрдонгтæ Ленингради алфамбулай кæд æгъатирæй-æгъатирдæр блокадæ исаразтонцæ (1941 анзи 8 сентябрæй 1944 анзи 27 январи уæнгæ), уæддæр æй сæ бон басæттун нæ бацæй. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 6-аг фарсбæл.



### ЦÆГАТ ИРИСТОНИ ЗÆНХÆБÆЛ ДÆР ЗНАГ ДÆРÆНГОНД ÆРЦУДÆЙ

Аци анзи кæрони бæрæггонд цæудзæнæй Устур Фидибæстон тугъди агъазиаудæр цаутæй еу – астинсæй анзей размæ, 1942 анзи декабри фæстаг бæнтти Цæгат Иристон æнæгъæнæйдæр уæгъдæгонд æрцудæй цубур рæстæгмæ си ка фæцæй, еци немуцаг-фашистон æрдонгтæй. Уой фæдбæл нæ зæрди ес хецæн æрмæгутæ ниммухур кæнун. Абони бал мухур кæнæн еу уæхæн уац 4-5 фæрстæбæл.

## НОМЕРÆН



### Æ НОМДЗУД ФИДИ АККАГ ФУРТ

Ирон аййевадон литератури классик **Гæдиати Секъайæн æ фурт Цомахъ** дæр агъазиауæй фескъуæлхтæй нæ национ культури райрæзти гъуддæгути. Куд поэт, прозаик, драматург, тæлмацгæнæг, литературон æртасæг, политикон æма æхсæнадон архайæг, уотæ берæ хуæрзти бацудæй нæ дзиллæн, нæ Иристонæн. Æ райгурдбæл 14 январи исæнхæст æй авдинсæй анзи (1882-1931). Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 7-аг фарсбæл.

*Номдзуд финсæг Иван Крылов (1769-1844) хумæтæги, æвæдзи, нæ загъта: «Адæм цийфæнди рæстæгути дæр еухузон адтæнцæ, зæгъæ, берætæ дзæгъæли нæ гъуди кæнунцæ. Æз федарæй зæгъун: дзиллæ абони хузæн гъæла, зундцох, æнæгъдау æма тæрегъæдтаг некæд адтæнцæ...»*

# ГЪÆУАМА УСТУРЗÆРДÆ МА УÆН!..



Уоми «Роспотребнадзор»-и республикон управлений разамонæг **Тибилти Алан** куд радзурдта, уотемæй ведомстви косгутæ аллибон дæр бабæрæг кæнунцæ аллихузон организацитæ æма кустуæттæ, рæвдауæндæнттæ, уæдта, адæм берæгæйттæй кæми фæууйнцæ, еугур еци бунæттæ. Уæхæн рейдти сæйраг нисан æй рабæрæг кæнун, санитарон-эпидемиологон æдасдзийнади мадзæлттæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уой. Тибили-фурти дзубандимæ гæсгæ, управлений специалисттæ зингæ фæккарздæр кодтонцæ эпидемиологон æдасдзийнади уагæвæрдтæ æнхæст кæнунмæ цæстдарæ. Уотæ, æ дзубандимæ гæсгæ, уæлдæр амунд рейдти рæстæг специалисттæ домæнти бундорбæл Дзæуæгигъæуи исæхгæдтонцæ сувæллæнтти хеерхæфсæн цалдæр центри. Управлени æма иннæ цæстдарæг ведомствити минæвæрттæ уæхæн рейдтæ идарддæр дæр æнхæст кæндзæнæнцæ.

Управлений разамонæг сæ архайди туххæй уойййасæбæл ахедгæ хузи ке радзурдта, е, еуемæй, лæдæрд æй – хе фаунæй хе æстаун хиццагдæр æй. Фал, иннемæй ба, хъæбæр дузæрдуггаг æй, сæ куст уойййасæбæл æнтæстгинæй арæзт цæуй, е. Бацæуайтæ тукæнттæмæ, базартæмæ æма адæм дзиллонæй кæми бамбурд унцæ, уæхæн æндæр рауæнтæмæ. Æма си эпидемиологон уавæрмæ гæсгæ мадзæлттæ æнхæстæй æнхæстгонд цæунцæ? Баруагæс уи уæд, æгириддæр нæ, сауæнгæ ма маскитæ ефстæгутæй уæлдай некæбæл фæууиндзинайтæ. Уæд циуавæр карз цæстдарди кой киндæуй?

Тибили-фурт ма æмбурди уотæ фегъосун кодта, гъома, сæрмагонд æргом æздæхт æрцæуудзæнæй æхсæнадон транспорти кустмæ дæр. Кæд æма кутемæй? Аци фарста нæмæ хумæтæги нæ фæззиндтæй – нерæнгæ бал æгириддæр неци хузи бæрæггонд цæуй, æхсæнадон транспорти санитарон-эпидемиологон домæнтæ æгириддæр æнхæстгонд нæ цæунцæ. Ци адæм си фæббадуй, уонæй хъæбæр ефстæгутæбæл фæууй санитарон маскитæ. Мадта æхсæнадон транспорт берæ маршрутти хъæбæр лæгъуз ке косуй (хуæдтолгитæ хъæбæр æстæн цæунцæ), уомæ гæсгæ фулдæр хæттити адæмæй цъоппидзæг фæуунцæ, сауæнгæ ма, кæд æма не ‘нгъезуй, уæддæр си лæугæй дæр фæццæуунцæ, уой дæр ку зæгъæн, æнæ маскитæ, кæрæдзей комкоммæ комуолæфт кæнгæй.

Къуæрей райдайæни эпидемиологон уавæрбæл дзоргæй, управлений разамонæг куд фæббæрæг кодта, уотемæй уой размæ къуæрей райдайæни хæццæ рабаргæй, нуртæккæ коронавирусæй сæйгити нимæдзæбæл бафтудæй 35 процентемæй фулдæр. Эпидемиологон уавæри фæдбæл дзоргæй, «Роспотребнадзор»-и регионалон управлений разамонæг Ольгæ Давыдова куд фæббæрæг кодта, уотемæй аци бæнтти республики ковид-стационарти сæйгитæн уæлæнхасæн радех кодтонцæ никкидæр ма 50 бунати (30 хуссæни – сувæллæнтти Республикон клиникон сæйгдони, 20 ба – Рахесфарси райони центрон сæйгдони). Ольгæ Давыдова куд загъта, уотемæй нуртæккæ ковид-стационарти ес 228 уæгъдæ бунати (коронавирусæй сæйгитæн нисангонд бунæттæн сæ 30 процентей бæрцæ).

Коронавируси нихмæ тохи карзæй архайунцæ Цæгат Иристони медицинон колледжи студенттæ, еци куст хæстæгдæр бæнтти райдайдзæнæнцæ Цæгат Иристони паддзахадон медицинон академий студенттæ дæр. Еци æууæл, республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр **Тебиати Сослани** гъудимæ гæсгæ, фадуат ратдзæнæй, цæмæй дзæбæхгæнæн-профилактикон медицинон косæндæнтти архайд ма фæкъкъулумпи уа. Тебий-фурт идарддæр æ радзубандий куд фæббæрæг кодта, уотемæй фæстаг цалдæр боней дæргъи зингæ исирæзтæй, Тагъд медицинон агъази служнбæмæ ка бадзоруй, еци адæми нимæдзæ. Зæгъæн, нуртæккæ еу суткæмæ дохтиртæмæ агъазагор бадзорунцæ 1130 хаттемæй фулдæр (уонæй 643 – Дзæуæгигъæуи). Министри дзубандимæ гæсгæ, Тагъд медицинон агъази еугур дæлхайæдти нуртæккæ косунцæ 82 радхæссæг бригади.

Ирæзгæ фæлтæри минæвæртти карз незæфтауæг куд гъигæ даруй, уой туххæй лæмбунæг радзурдта сувæллæнтти Республикон клиникон сæйгæдони сæйраг дохтир **Икъати Мурат**.

– Фæстаг сутки дæргъи нæ медицинон косæндонæмæ æрбаластонцæ 21 сæйгæ сувæллони. Уой хæццæ, еци бони дæргъи сæйгæдонæй рафинстан 17 адæймаги. Нуртæккæ нæмæ ес 67 сæйгæ сувæллони. Еумæ райсгæй, коронавирусæй сæйгитæн иснисан кодтан 100 хуссæни. Æнæзæгъæн нæййес, фæстаг рæстæг коронавирусæй сæйгæ сувæллæнтти нимæдзæ зингæ ке исирæзтæй, уой туххæй дæр. Абони уæнгæ республики ес уæхæн 566 сувæллони. Еугуремæй фулдæр сæйгæ сувæллæнттæ ес Мæздæги æма Горæтгæрон райони, – бафеппайдта Икъати Мурат.

Æмбурди архайдта æма радзубанди кодта Цæгат Иристони сæйраг федералон инспектор **Келехсати Владимир** дæр, Цæгат Кавкази федералон зилди Президенти Минæвæради бæрнон косæг Тебиати Сослани ‘ргом раздахта медицинон косгутæн сæ мизд афойнадæбæл федуни фарстамæ:

– Гъæуама лæмбунæг цæстдард уа республики медицинон косæндæнтти специалисттæн сæ мизд афойнадæбæл федунмæ. Аци гъуддаги къулумпитæ æруадзæн нæййес.

Æмбурдæн хатдзæгтæ кæнгæй, Дзанайти Барис уотæ загъта:

– Нæ республики ци санитарон-эпидемиологон уавæр исæвзурдæй, е нерæнгæ ма карз ке ‘й, æма цæмæй еци уавæр еуварсгонд æрцæуа, уой фæдбæл республики Сæргълæууæги амундзийнæдтæ æнхæст кæнунбæл еугур профилон ведомствити минæвæрттæ дæр гъæуама бæрнонæй бакосонцæ. Уой хæццæ, фиццаградон æргом æздæхт гъæуама æрцæуа медицинон косæндæнтти курдиæттæмæ.

# ЦÆГАТ КАВКАЗМÆ СÆРМАГОНД ÆРГОМ ÆЗДÆХТ ЦÆУЙ

ПАДДЗАХАДОН сæрмагонд программæ «Цæгаткавказаг федералон зилди райрæзт»-и уагæвæрдтæ 2021 анзи æнхæстгонд æрцудæнцæ 94 процентей бæрцæй. Уæхæн хатдзæг искодтонцæ, Уæрæсей Федераций экономикон райрæзти Министради æрæги ци æмбурд адтæй, уоми.

Еци æмбурди куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй программи нисангонд мадзæлттæ æнхæст кæнунæн анзи дæргъи дехгонд æрцудæй 18,4 миллиард сомей бæрцæ. Æма уой фæрци 2021 анзи цæгаткавказаг регионти арæзт æма цалцæггонд æрцудæнцæ 12 аллихузон социалон объекти – ахурадон, медицинон æма комуналон косæндæнттæ.

Зæгъæн, Кæсæг-Балхъари республики гъæу Ново-Ивановски арæзт æрцудæй 440-бунатон нæуæг скъола, Пятигорски бундорон цалцæг искодтонцæ 252-бунатон гимнази (аци ахургæнæндон æрбунæттон æй XX æноси райдайæни арæзт бæстихаййи, æ азгъунст нимад æй архитектури циртдзæвæнбæл). Анзи дæргъи Цæцæни республики программи фæлгæти арæзт æрцудæнцæ 2 коррекцион скъолаинтернати, Дагестайнаг гъæу Гамиях æма цæгатиристойнаг сахар Беслæни ба фæззиндтæнцæ нæуæг рæвдауæндæнттæ.



Программи уагæвæрдтæ æнхæст кæнунбæл архайæг подрядчиктæ уæхæн æма æндæр куститæ бакодтонцæ федералон зилди иннæ регионти дæр. Уотæ, зæгъæн Стъараполи крайи бундорон цалцæггонд æрцудæнцæ Буденовски медицинон центри инфекцион хайадæ. Уомæй уæлдай, ахсгиаг арæзтадон æма цалцæггæнæн куститæ æнхæстгонд æрцудæнцæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради къабази дæр – цалдæр регионти базилдæнцæ донцъирæнтæмæ, нæугутæй раййивтонцæ донуадзæн хæтæлтæ æма уотæ идарддæр. Хъæрæсе-Черкесий ба фæннæуæгдæр кодтонцæ хуæнхон курорт «Архыз»-и инфраструктурон объекттæ.

Уæрæсей Федераций экономикон ирæзти министри хуæдæййевæг **Сергей Назаров** (куд зонæн, уотемæй е бæрнон æй Цæгаткавказаг федералон зилди регионти райрæзти фарстатæбæл), æ радзубандий куд загъта, уотемæй федералон ведомствитæ ахедгæ мадзæлттæ арæзунцæ, цæмæй Цæгат Кавкази идарддæри ирæзти паддзахадон программæ афойнадæбæл æнхæстгонд цæуа. Амунд документи сæйрагдæр нисан æй Цæгат Кавкази регионти царди æмвæзадæ хуæрзгъæдæдæр кæнун. Æма еци нисанбæл бæлвурд куст райдарддæр уодзæнæй.

Сергей Назаров ма куд загъта, уотемæй 2021 анзи декабри федералон Хецауадæ еуæй-еу æййивддзийнæдтæ æма уæлæфтауæнтæ бахаста Цæгаткавказаг федералон зилди идарддæри райрæзти программæмæ. Куд нисангонд цæуй, уотемæй 2030 анзи уæнгæ программи уагæвæрдтæ æнхæст кæнунæн дехгонд æрцæудзæнæй 169 миллиард сомемæй фулдæр.

# МЕДИЦИНОН РЕАБИЛИТАЦИЙ МАДЗÆЛТТÆ



КОРОНАВИРУСИ незæфтауæгæй сæйгæ ка адтæй, еци æртиндæс мæздæггаг адæймаги республики Геронтологон центри, уæдта санаторитæ «Иристон» æма «Нæзи къохи» лæвар рацудæнцæ реабилитаций курс.

Мæздæггагтæ медикти дæсни архайдæй æма медицинон лæггæдти хуæрзгъæдæдзийнадæй аразийæй байзадæнцæ. Мæздæггагтæн ке банхæст кодтонцæ, еци медицинон лæггæдти ‘хсæн адтæнцæ мæнæ уæхæнттæ: физиотерапия, донæй дзæбæхкæнуйнадæ, иглорефлексотерапия, озонотерапия, дзæбæхгæнæн физкультурæ, психологи унаффитæ æма æндæртæ.

Раздæри сæйгитæн Геронтологон центри исаразтонцæ культурон программæ, уæдта сæ экскурсион уагæй баластонцæ Алайнаг Успени нæлгоймæгти моладзандонæмæ.

Реабилитаций курс рацæуæг мæздæггæгти æнæнездзийнадæ фæххуæздæр æй.

Номдзуд архитектор, Хъамбердиати Мисости номбæл республикон премий лауреат, Уæрæсей Федераций культури æскъуæлхт косæг Цæллагти Федори фурт Сослани райгурдбæл 1 феврали æнхæст кæнуй финддæс æма æртинсæй анзи. Зæрдиагæй дин арфæ кæнæн, Сослан!..

# ДÆ КАДÆГÆНÆГÆН ГЪÆУАМА КАДÆ КÆНАЙ!..



ЗУНДГОНД куд æй, уотемæй аци анз Уæрæсей нимад цæуй адæмон исфæлдистади æма монон культури Анзбæл. Уомæ гæсгæ ба аци къабæзти, æвæдзи, æрцæудзæнæй зингæ зæрдæмæдзæугæ æййивддзийнæдтæ. Уогæ фæстаг рæстæгути нæ республики культури еугур къабæзти берæ нæуæгдзийнæдтæ арæзт æрцудæй. Æма еци куст идарддæр æнхæстгонд ке цæудзæнæй, уомæн ба еу æвдесæн æй, нуртæккæ кафти номдзуд паддзахадон ансамбль «Алан» æма бæхти театр «Нарт»-и уавæртæ фæххуæздæр кæнунмæ бæлвруд æргом æздæхт ке цæуй, е. Нæ республики бафæдзæхст æнхæст кæнгæй, аци коллективтæ æрæги бабæрæг кодта æма син сæ уавæрти хæццæ бæлвурдæй базонгæ 'й нæ республики Хецауади Сæрдар Дзанайти Барис æ хуæдæййевæг **Туйгъанти Ларисæ** æма æндæр бæрнон кæсгути хæццæ.

Дзанай-фурт æрзилдæй ансамбль «Алан»-и репетицигæнæн залтæбæл, дзаумæуттæ æййевæн уæттæбæл. Исфæлдистадон коллективи аййевадон разамонæг **Козати Зелимхан** радзурдта, сæ куст цæмæй æнтæстгиндæрæй арæзт цæуа, уой туххæй концертон номертæ кæми фæццæттæ кæнунцæ, уоми вентиляци ке нæййес, уой. Бæстихайæн дæр æ бакаст зæууатмæ 'рцудæй, материалон-техникон уавæр – хуæздæргъæуагæ 'й. Концертон дзаумæуттæ базæронд æнцæ, сæ еуети син бахудтонцæ инсæй анзей размæ.

Хецауади Сæрдар куд загъта, уотемæй сæ зæрди ес паддзахадон ансамблæн еугурвæрсуг агъаз кæнун. Еци гъуддагæн республикон бюджетæй фæрæзнитæ радех кæндзæнæнцæ. «Алан» æй нæ республики културæ, аййевадæвдесæг. Проекти гъæуама алцидæр нимад æрцæуа, коллективæн гъæуама æцæгæйдæр уæхæн уавæртæ арæзт æрцæуа, цæмæй æ куст уа ахедгæдæр æма æнтæстгиндæрæй нæ республики кадæбæл æфтуйа. Уе 'ргом уин æздахун: аци нисантæ æвæруй нæ республики Сæргълæууæг æма сæ гъæуама афойнадæбæл æнхæст кæнæн» – фæббæрæг кодта Дзанайти Барис.

Арæзтадæ æма архитектури министр **Милдзихти Аслан** куд радзурдта, уотемæй нуртæккæ цæттæ кæнунцæ проектон-хæрзти гæгъæдитæ, уой фæсте сæ рахæсдзæнæнцæ конкурсон процедурæмæ. Цалинмæ цалцæг кæнонцæ, уæдмæ «Алан» æ куст кæндзæнæй ансамбль «Хæхты сывæллæттæ»-йи бæстихаййи.

Паддзахадон ансамбли бæстихай бундоронæй исцалцæг кæндзæнæнцæ, æ материалон-техникон бундортæ ин фæгъгъæздугдæр кæндзæнæнцæ, ансамбли архайгути цæттæдзийнадæ фæббæрзонддæр кæнунæн мадзæлттæ исараздзæнæнцæ. Еугур еци нисантæ бахастонцæ нæ республики 2014-2024 анзмæ культури ирæзти программæмæ.

Мадта бæхти театр «Нарт»-и ирæзти гъуддæгутæ дæр æнцæ сæрмагонд республикон программæмæ хаст, исфедар æй кодта нæ республики Хецауадæ. Дзанайти Барис театр бабæрæг кæнгæй фæууидта сæ кусти уавæртæ. Театри аййевадон разамонæг **Сихъоти Тимур** куд байамудта, уотемæй ами гъæуама исаразонцæ театри бæстихай, техникон æма административон бунæттæ, бæхтæ дарунæн уæлæнхасæн фæзуæттæ.

Еци еугур гъуддæгутæ нисангонд æнцæ театри райарæзти проекти. Уотæ зæгъæн ес, æма си фæззиндзæнæй нуриккон бæхти комплекс. Коммæ куститæмæ бавналдзæнæнцæ 2023 анзи. Уой фæдбæл дзоргæй Дзанайти Барис загъта:

– Гъуддагмæ барæдарæг адæм еумæйагæй ку февналонцæ, уæд гъæуама куститæ раздæр дæр райдайæн. Алцидæр гъæуама конд цæуа барстæй, бæрнонæй.

Бæхти театр «Нарт» цæмæй сæ гъомусæй пайда кæнонцæ, уой туххæй син исараздзæнæнцæ æнхæст, фадуатгин комплекс еугур æвналæнти хæццæ. Фæззиндзæнæй сæмæ зæлти æма рохси ефтонггæрзтæ, бæхтæ ласæн сæрмагонд транспорт, сценæн гъæугæ ефтонггæрзтæ.

## ДЗУРД ГЪÆУАМА ДЗУРДТАГ МА УА!..



*Номдзуд рагонбердзейнаг финсæг Эзопмæ ес мæнæ ауæхæн æмбесонд. Цæветтонгæ, еу берæгъ фуси зæнхæбæл хусгæй рауидта, æма рагъуди кодта: «Æвæдзи, фуртæссæй рахъан æй…»*

*Бацудæй имæ, фегъал æй кодта æма зæгъуй: «Æртæ раст загъди мин ку кæнай, уæд дæмæ нæ бавналдзæнæн». Æма ин фус ку зæгъидæ:*

*– Мæ фиццаг загъд: мæ цæстæй дæ ку нæ уининæ!.. Дуккаг: ку мæбæл исæмбæлай, уæд саугурмæ куд уай!.. Æртиккаг: берæгъти муггагæй цидæриддæр ес, уонæн сæ буни гъæр ку рацæуидæ!.. Мах уин лæгъузæй некæд неци ракодтан, сумах ба нæ еудадзуг цæгъдгæ кæнетæ!..*

*Берæгъ балæдæрдтæй, фус рæститæ ке дзоруй, уой, æма имæ нæ бавналдта…*

***

Хаттæй-хатт цифуддæр знаг дæр раст зундбæл фæххуæст уй…

Мадта уæд нæ абони цардиуаги нин нæ есбонадæбæл æстонг берæгъти хузæн зудæй ка хæлæф кæнуй, æма, кæддæр еугурадæмон ка адтæй, еци бæркæдтæ æнæгъæнæй дæр сæхе ка бакодта, еци «царди хецæуттæ» сæ кæрæфдзийнадæ раст зундирахастæй байевдзæнæнцæ, гъома, зæгъдзæнæнцæ: нури уæнгæ нин ци бантæстæй, е нин фагæ фæууæд, нур ба мæгур адæмæн сæ уавæр исхуарз кæнунбæл байархайæн. Магъа-магъа, нæ фидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Берæгъ фонс цæгъдунæй ку бафæллайа, уæддæр, æфсес ци 'й, уой нæ зонуй…»



**Дмитрий РОГОЗИН, «Роскосмос»-и сæргълæууæг – уæрæсейаг космонавт Николай Чуби Америки Еугонд Штаттæмæ ке нæ бауагътонцæ, уой фæдбæл: «Махæн нæ гъудий кæрони дæр некæд адтæй е, æма космосмæ фæттæхунмæ цæттæ кæнуни зæрдтæй стъалутæгин сахаргондмæ (звездный городокмæ) æрбацæуйнаг кæцидæр астронавтæн визæ нæ раттун…»**

Гъе уæхæн характет æнцæ нæ абониккон хецауеуæггæнгутæй беретæ. Айдагъ визитæ дæттунæй нæ, фал ма нæ паддзахади тæккæ сосæгдæр сосæгдзийнæдтæй берæ цидæртæ фæсарæнтæн, нæ Фидибæсти нихмæ алли фудмиутæ ка аразуй, сауæнгæ уонæн дæр балæвар кæнунæй...Æма уомæй сæхецæй боз æнцæ. Уогæ ба куд раст æй нæ фидтæлти загъд: «Æдули æ миутæбæл фæццийнæ кæнуй…»



**Алексей МЕДВЕДЕВ, футболон клуб «Зенит»-и гендиректор болгайраг футболистти хæццæ фæххили туххæй: «Гъо, адтæй еуминкъий буцæу, фал уой фæсте ба гъæздугутæ сæ еугур дæр кæрæдзей рахъури кодтонцæ æма сабургай рахецæн æнцæ…»**

Нæ футболистæ хилти къохтæ телуни бæсти сæ къæхтæй æцæг футболæй гъазунмæ рæвдзæдæр ку арæхсиуонцæ, уæд хуæздæр нæ уидæ. Уоййасæбæл аъазиау æхцатæ син уой туххæй нæ федунцæ? Фал е сæ бон нæй æма еске уæддæр къохтæй ниддæрæн кæнонцæ!..



**Юрий ПОЛЯКОВ, финсæг, «Литературон газет»-и сæйраг редактор: «Цæмæй исонибони туххæй сагъæсгъон уай, уой туххæй зонун гъæуй евгъуд æма нури дзаман…»**

Рæстзæрдæ дзиллæ евгъуд рæстæгутæ бæргæ зонунцæ, æма, уоми зæрдтагонæй ци адтæй, уой имисгæй бустæги гъенцъун кæнунцæ абони цардарæзти æнæрастдзийнæдтæй, уомæ гæсгæ ба сæ исонибонæй дæр уоййасæбæл неци хуарзмæ æнгъæл кæсунцæ… Нæ нуриккон бонгинти ба евгъуд некæми гъæуй, сæ сагъæс æй абони фулдæр мулкитæбæл фæххуæст ун, цæмæй исонибони дæр сæ гоморитæ алцæмæйдæр цъоппидзаг уонцæ…

АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

## ИСОНИБОНИ НИФСÆЙ, БÆРГÆ, ДОМБАЙДÆР КУ КÆНИАНÆ…

Аци анз Уæрæсейæн 2021 анзæй хуæздæр уодзæнæй? Уæхæн фарста æхсæнадон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ уæрæсейæгтæй кæмæ равардтонцæ, уонæн се 'ртиккаг хай – 31% – уотæ æнгъæл æнцæ, æма нæуæг анз нæ бæстæн фарæй хуæздæр уодзæнæй. Ци зæрдрохсгæнæг æййивддзийнæдтæ си гъæуама æрцæуа, уони нимайгæй, ахиддæр дзурдтонцæ коронавируси хæццæ баст уавæр ке фæххуæздæр уодзæнæй æма цардиуаги æмвæзадæ ке фæббæрзонддæр уодзæнæй, уой туххæй. Аци хатдзæгтæбæл дзоргæй, центри гендиректори унаффæгæнæг Еленæ Михайлова уотæ загъта:

– Æнæмæнгæ, фæстаг дууæ анзей дæргъи адæм æгæрдæр ма бафæлладæнцæ – коронавируси тасдзийнæдти æма зианти, æбæрæгдзийнади, аци вазуггин уавæртæ фæууни æмгъуди æнæбæлвурддзийнади фудæй. Æма уæрæсейæгти нифситæ фулдæр баст æнцæ, 2022 анз син ке ратдзæнæй нуриккон пандемийæй фæййервæзуни равгæ.




Сæдæ анзей размæ (1922 анзи 5 феврали) рацудæй литератури, аййевади æма науки хузгин журнал «Хуæнхон гъуди» («Горская мысль»).

*Дзæуæгигъæуи бунмæ тугъдтити советон æфсæдтæ ниппурхæ кодтонцæ 113-аг немуцаг танкон дивизи, полк «Бранденбург», 7-аг саперон батальон, танкити нихмæ тохгæнæг 525-аг дивизион, 45-аг велобатальон, 336-аг хецæн батальон. Устур зиантæ бакодтонцæ 23-аг немуцаг танкон дивизийæн, 2-аг румынаг хуæнхонæхсæг дивизийæн æма знаги æндæр*



**КЪАРИ: Фембæлди архайгутæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): бадунцæ – ЗÆНГИАТИ Владимир, Николай БУРЛАК, Антон Каравай, Дмитрий ВАЩЕНКО; лæуунцæ – А. КОЗЛОВСКИЙ, РÆМОНТИ Геуæрги, Валентин КАЛЕНЮК, ЗÆЛЕТИ Михаил, АБАЙТИ Александр, Михаил ПАВЛЕНКО, Орджоникидзей æфсæддон комиссариати косæг Д.ХАЛМАНСКИХ, НИГКОТИ Беза.**

# «НÆ МÆЛÆТДЗАГ НИХКЪУÆРДÆЙ ЗНАГ ФÆЛЛЕДЗÆГИ ÆЙ!..»

### ЦÆГАТ ИРИСТОН НЕМУЦАГ-ФАШИСТОН ÆРДОНГТÆЙ ИСУÆГЪДÆ КÆНУНИ ТУГЪДТИТИ АРХАЙГУТИ ИМИСУЙНÆГТÆ

***Устур Фидибæстон тугъди рæстæг немуцаг-фашистон æрбалæборгутæн бантæстæй Цæгат Иристони уæнгæ æрбайервæзун. Сæ нисан адтæй ардигæй Фæскавказмæ бахъæртун, Бакуй нефтбæл фæххуæст ун. Уомæн ба неци хузи адтæй æруадзæн. Æма райеудагъ æнцæ карз тугъдтитæ Цæгат Иристони зæнхæбæл. Еци тугъдтити рæстæг Сурх Æфсад тухгиндæр разиндтæй æма сахар Орджоникидзей (Владикавкази) рæбун дæрæнгонд æрцудæй немуцаг-фашистон æфсæдти агъазиау къуар. 1942 анзи ноябри æма декабри знаг тард æрцудæй нæ республикæй, 1943 анзи фиццаг æмбеси ба си бустæгидæр уæгъдæгонд æрцудæй Цæгат Кавказ.***

***Знаги нихмæ тугъд куд цудæй, немуцаг фашисттæ Владикавкази размæ куд дæрæнгонд æрцудæнцæ, уæдта советон æфсæддонти агъазиау бæгъатæрдзийнади туххæй финст æрцудæй берæ киунугутæ, публицистикон уацтæ. Уони ахедундзийнадæ агъазиау æй. Уæлдай ахсгиаг ба æнцæ, еци тугъдтити комкоммæ ка архайдта, уони имисуйнæгтæ. Абони еци бæгъатæр тугъдонтæй, гъулæггагæн, сæ фулдæр цардæгас нæбал æнцæ, фал нин ниууагътонцæ хъæбæр цæмæдессаг æвдесæнтæ – сæ имисуйнæгтæ.***

***Уонæй мах дæр пайда кæндзинан, Цæгат Иристон немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй æнæгъæнæй дæр исуæгъдæ кæнунбæл цуппаринсæй анзи ке æнхæст кæнуй, уой фæдбæл нæ газети дзубанди кæнгæй. Абони мухур кæнæн, 1965 анзи апърели республикон газетти журналисттæ Цæгат Иристони зæнхæбæл тугъдтити архайæг тугъдонти хæццæ ци фембæлд исаразтонцæ, уоми ци дзубанди рауадæй, уой туххæй æрмæг.***

Гизæли тугъдон операци куд цæттæгонд æрцудæй æма рахецæн æй, уой туххæй бæлвурд радзурдта запаси гвардий болкъон **Михаил ПАВЛЕНКО**. Уæд е адтæй 93 гвардион артиллерион полкки командир. Полк бахаудтæй, 1942 анзи кæрони сахар Орджоникидзей бунмæ ка тох кодта, еци 11-аг гвардион фестæг æфсади корпусмæ.

– Кавказбæл тох, – загъта М. Павленко, – æ уагæ æма ахедундзийнадæмæ гæсгæ адтæй агъазиау Устур Фидибæстон тугъди дзамани. Немуцаг оккупанттæ кæд Мæскуй бунмæ дæрæнгонд æрцудæнцæ, уæддæр сæ идарддæри нимпурститæ нæ ниууагътонцæ. Куд зонæн, уотемæй знаг 1942 анзи æ сæйрагдæр хъауритæ исаразта Сталинградмæ æма Кавказмæ. Ардæмæ æмпурсгæй, фашистон æрдонгтæ гъавтонцæ нефт æма тиллæггин районтæ байсунмæ. Уомæй уæлдай ма сæмæ адтæй никки æндæр нисантæ – Хæстæг Хорискæсæн æма Индимæ бампурсун.

1942 анзи 25 августи знаг байахæста Мæздæг. Мах тугъдтити хæццæ цудан Нальчик æрдæмæ. Уавæр адæй хъæбæр уæззау æма тæссаг. Æма советон командæкæнуйнадæ æвæстеуатæй агъазиау мадзæлттæ исаразта Кавказ багъæуай кæнуни гъуддаги. Алли рауæнтæй ардæмæ æрвист цудæнцæ нæуæг æма нæуæг æфсæддон хæйттæ. Арæзт цудæй аллихузон гъæуайкæнуйнадон федæрттæ, æфсæдтæ еудадзуг ефтонггонд цудæнцæ нæуæгдæр хуæцæнгæрзтæй.

Баксан æма Мæздæги размæ районтæ байахæсгæй, фашисттæн сæ бон нæ бацæй идарддæр цæун. Æма кæд сентябри, сæ идарддæри нимпурсти рæстæг, сæ къохи бафтудæй Малгобек байсун, уæддæр ацирдæмæ æнтæстгинæй æмпурсун нæбал бафæразтонцæ. Не ’фсæдтæ бауорæдтонцæ знаги.

25 октябри немуцаг фашисттæ æрбампурстонцæ Баксани ’рдигæй, дуккаг бон ба – Майский æма Котляревски ’рдигæй, æма сæ них исаразтонцæ сахар Орджоникидземæ. Æрбалæборунмæ гъавтонцæ Даргъ-Къохи ’рдигæй, фал е сæ къохи нæ бафтудæй, уæд. Чиколай ’рдæмæ раздæхгæй, æмпурсун райдæдтонцæ ецирдигæй. Байстонцæ Алагир æма Æрæдон. Æма дууердигæй се ’ргом исаразтонцæ нæ республики столицæмæ.

– Не ’фсæдти нихмæ знаг æрбампурста 2 ноябри, – дзоруй идарддæр М. Павленко. – Авиаций хъаурæгин бомбардировкити фæсте знаг байахæста Саниба æма Гизæл. Немуцаг танкити къуар æ над исаразта Орджоникидземæ, иннæ къуар ба – Æрхонкæмæ. Изæр æрдæмæ байеудагъ æнцæ карз тугъдтитæ мах артиллери æма знаги танкити æхсæн, æма знагæн идарддæр рацæун æ бон нæбал иссæй.

Ноябри еци бæнтти советон командæкæнуйнадæ исаразта никки ахсгиагдæр мадзæлттæ сахар багъæуай кæнуни туххæй. Ардæмæ ма никкидæр гæлст æрцудæй уæлæнхасæн æфсæддон хæйттæ, танкити нихмæ тохæг цалдæр артиллерион полкки.

3 ноябрæй фæстæмæ знаги нимпурст хъæбæрдæр арæзт цудæй Ногир æма Æрхонки ’рдæмæ.

Советон командæкæнуйнадæ æфсæдти размæ исæвардта ихæс: знаги нихмæ нимпурсун æма 'й ниддæрæн кæнун. Не ’фсæдти нимпурст райдæдта 7 ноябри еци-еу рæстæг цæгат-хорискæсæн æма хонсари ’рдигæй. Æма 9-аг Æфсади хæйттæ знаги ку æрбалхъивтонцæ аллирдигæй, уæд æртухсти бахаудтæнцæ, 11 ноябри ба бустæгидæр дæрæнгонд æрцудæнцæ. Мингай фашисттæ мардæй æма сæдæгай танкитæ сугъдæй байзадæнцæ тугъди будури. Гъе, уотемæй рахецæн æй Гизæли (Владикавкази) тугъдон операци.

Сахар Орджоникидзей бунмæ карз тугъд райдæдта, Устур Фидибæстон тугъди хъæппæрес советон æфсæдти къохи ку бафтудæй, уæхæн историон æуууæлти. Советон æфсадæн æ бон бацæй айдагъ немуцаг-фашистон æфсæдти бауорамун нæ, фал хъаурæгин нимпурст исаразун. Гизæли (Владикавкази) тугъдон операци адтæй 1942 анзи фиццаг æнтæстгин операци. Æ тугъдон агъазиау рахастдзийнадæй уæлдай ма, е хъæбæр агъаз фæцæй советон æфсæдти нифс фæффулдæр кæнунæн. Мæздæг æма Орджоникидзей размæ тугъдтити нæ салдæттæ æма афицертæ ци дзиллон æхсарæ равдистонцæ, уомæй бæлвурд зиндтæй æфсæдти тугъдон арæхстдзийнадæ æма нифс æрбалæборæг знагбæл æнæмæнгæ фæуууæлахез унæн.

– Мæн, куд артиллеристи, уотæ фæндуй, – загъта æ радзубандий кæрони М. Павленко, – уæлдай хъæбæрдæр артиллерий устур ахедундзийнадæ байамонун Гизæли (Владикавкази) операций. Комкоммæ дзоргæй, немуцаг танкити хъæбæрдæр дæрæн кодтонцæ артиллеристтæ. Байамонунæн фагæ æй е дæр, æма нæ полкки сержант Тарликовский æма кæстæр сержант Бармини еунæг дзармадзан басугъта знаги 16 танки. Артиллери æхе æвдиста æцæг «тугъди Хуцауæй».

Сахар Орджоникидзей размæ НКВД-ий æфсæдти 273-аг полкки куд тухтæй, уой туххæй адтæй запаси болкъон **Дмитрий ВАЩЕНКОЙ** дзубанди.

– Нæ полк арæзт æрцудæй Новосибирски размæ, æма 1942 анзи августи æрвист æрцудæй Орджоникидземæ. Æрбунат кодтан сахари хонсар-хорнигулæн кæрони. Рахесæрдигæй нæ синхаг адтæй 26-аг Ленини орденхæссæг Хъиримаг арæнгъæуайгæнæг æфсæдти хецæн полк, галеуæрдигæй ба – 292-аг гурдзиаг полк.

Еци рæстæг сахари медæгæ æма æ кæрæнтти арæзт цудæнцæ федæрттæ. Уобæл æхсæвæ æма бонæй, фæллад нæ зонгæй, кустонцæ сахари цæргутæ. Мах полкки размæ, зæгъæн, архайдтонцæ ирон æма уруссаг театрти артисттæ. Адæм къахтонцæ танкити нихмæ арф къæхтитæ. Æфсæддонтæ дæр æма сахари цæрæг адæм дæр хуарз лæдæрдтæнцæ, аци арæнтæбæл сæ мæлæтдзаг тохи нихмæ гъæддухæй лæуун ке гъæудзæнæй. Еугурæйдæр лæдæрдтæнцæ, цийфæнди ку фæууа, уæддæр æрбалæборæг знагæн æрбауадзæн ке нæййес Арвикоммæ дæр æма Орджоникидзей размæ дæр.

Уавæр уæлдай уæззаудæр фæцæй 2 ноябри – знаг Гизæл ку байахæста æма сахармæ ку ’рбахæстæг æй, уæд. Ами, адæгти, нæ полкки æфсæдтæ исæмбалдæнцæ немуцæгтæбæл. Тугъди бацудæй артиллери æма немуцæгтæ фæстæмæ цæун райдæдтонцæ, 3 ноябри ба нæуæгæй фондз немуцаг танки æма фестæг æфсади батальон нæуæгæй æрбампурста не ’фсæдтæмæ. Артиллеристтæ си æртæ танки ку басугътонцæ, уæд иннетæ, уæдта батальон фæстæмæ раздахтæнцæ. Фал бабæй дуккаг бон нæуæгæй, уæлæнхасæн æфсæдти агъазæй, исфæндæ кодтонцæ Гизæлæй сахари ’хсæн надбæл æрбампурсунмæ. Знаги ма Арвикоммæ гъудæй 800 метри, фал еци фæндæ сæ къохи нæ бафтудæй – не ’фсæдтæ гъæддух фæллæудтæнцæ, æма сæ не ’рбауагътонцæ.

6 ноябри нæ полкмæ æрбацудæй морякти ротæ. Уой размæ ба етæ танкитæ æхсæн топпитæй басугътонцæ цалдæр немуцаг танки. Æрбахъæрдтæнцæ реактивон минометтæ – «Катюшитæ» дæр. Æма етæ цалдæр хатти ку бахстонцæ знаги, уæд немуцæгтæ нæбал бандиудтонцæ махæрдæмæ æмпурсун.

Знаги нихмæ еумæйаг æмпурст 7 ноябри ку райдæдта, уæд фестæг æфсæдтæн агъазиау агъаз кодта нæ авиаци. «Ил» хуæдтæхгутæ еци еугæндзонæй цудæнцæ æма цудæнцæ атаки æма сугътонцæ немуцаг танкити.

– Орджоникидзей бунмæ тугъдтитæ, – дзурдта Д. Ващенко, – адтæнцæ хъæбæр карз, фал уæддæр знаг дæрæнгонд æрцудæй. Еци уæлахездзийнадæ адтæй Сталинградi размæ советон æфсæдти агъазиау уæлахези райдайæн.

Идард Сибирæй Кавказ багъæуай кæнунмæ иссудæнцæ 273-аг полкки æфсæд-

***хæйттæн. Цæгат Иристони зæнхæбæл знаги нихмæ тугъдтити бæгъатæрæй фескъуæлхтæнцæ Советон Цæдеси еугур адæмихæттити минæвæрттæ дæр, зæгъæн, уруссæгтæ Петр Барбашов æма Петр Гужвин, тæтæйраг Газизов Ракил, украинаг æнсувæртæ Дмитрий æма Иван Остапенкотæ, удмуртаг Василий Шамшурин æма æндæртæ.***



донтæ. Ардæмæ, сахар Орджоникидзе багъæуай кæнунмæ, 1942 анзи фæззæги нæ Райгурæн бæсти столицæ Мæскуйæй æрвист æрцудæй НКВД-ий æфсæдти 34-аг полк дæр.

– Мах уайтæккæ дæр æрвист æрцудан федæрттæ аразуни куститæмæ, – загъта еци полкки снайперти взводи командир **Николай Антони фурт БУРЛАК.** – Нуртæккæ турбазæ кæми æй, уой рази, Ной Буачидзей гъæунги, Калакмæ надбæл æма æндæр рауæнти араздан доттæ. Ами, сахари, нæ куститæ ку рахецæн æнцæ, уæдта федæрттæ аразун райдæдтан Арвикоми надбæл, сауæнгæ Казбегий гъæуи уæнгæ.

Немуцæгтæ Гизæл ку байстонцæ, уæд мах сахармæ æрбацæуæнтæ гъæуай кодтан, нуртæккæ сувæллæнтти сæйгæдонæ кæми æй, уоми, æма Ной Буачидзей гъæунги. Уой фæсте ба знаги нихмæ тухтан Мичуринæй Æрæдони 'хсæн. Нæ полкки фиццаг батальон æмпурста Гизæлмæ. Аци батальони адтæй номдзуд бæгъатæр автоматчик Петр Барбашов. Атаки рæстæг нæ хъæбæр хъор кодта знаги еу дот – уордигæй еудадзуг æхста пулеметчик. Петр Барбашов ибæл гранат багæлста, фал уæддæр пулемет нæ банцадæй. Уæд е бабурдæй доти размæ æма ибæл æхе багæлста. Æ дессаги лæгдзийнади туххæй ин лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Гизæли тугъдон операций Советон Цæдеси Бæгъатæри ном райста бронетанкон батальони командир капитан Кузнецов. Знаги нихмæ бæгъатæр тох кодтонцæ сурхæфсæддонтæ – æнсувæртæ Остапенкотæ. Сæ еуемæн лæвæрд æрцудæй Ленини орден, иннемæн ба – Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Не 'фсæдти нифс æма бæгъатæрдзийнадæ адтæй берæ, ци доттæ аразтонцæ, уонæбæл финстонцæ: «Тоги зæйтæ ку райвулонцæ сахари гъæунгти, уæддæр сахарæн раттæн нæййес!» Æма æфсæдтæ исæнхæст кодтонцæ сæ ардбахуæрд – знаги сахармæ не 'рбауагътонцæ.

Æ дзубандий кæрони Н.А. Бурлак зæрдиаг дзурдтæ загъта, полккæн федæрттæ аразуни кустити ка агъаз кодта, еци студенттæн. Еци гъуддаги æфсæдтæ хъæбæр арфиагæй байзадæнцæ сахари цæрæг адæмæй дæр. Республики столицæ багъæуай кæнуни гъуддаги сахайрæгтæ куд зæрдиагæй архайдтонцæ, уой туххæй берæ дзурдтонцæ иннетæ дæр.

Дæлболкъон **Антон Ивани фурт КАРАВАЙ** радзурдта гъе уой туххæй. Уæд е адтæй сæрмагонд полкки инженер. Полк арæзт æрцудæй С.М. Кирови номбæл арæнгъæуайгæнæг училищей афицертæ æма курсанттæй. 1942 анзи училище каст ка фæцæй, етæ сæ митингти командæкæнуйнадæй ракурдтонцæ, цæмæй си арæзт æрцæуа хецæн æфсæддон хай æма син баихæс кæнонцæ сахар гъæуай кæнун. Сæ курдиадæ æнхæстгонд æрцудæй. Фæстæдæр ба аци полк, иннæ уæхæн æфсæддон хæйтти хæццæ, иссæй хецæн дивизи. Æ командир ба иссæй инæлар Киселев.

Федæрттæ аразуни рæстæг А. Каравай ци саперти батальони адтæй, уой доттæ æма дзоттæ аразта сахар Орджоникидзей.

– 1942 анзи октябри кæрони, – зæгъуй А. Каравай, – сахар Орджоникидзе иссæй сæрмагонд федар район. Арæзтадон кустити нин устур агъаз бакодтонцæ сахари промышленнон кустуæттæ æма цæрæг адæм. Æма нæмæ кæд механизмтæ нæ адтæй, уæддæр пайда кодтан алли фæрæзнитæй. Завод «Электроцинк» нин равардта уæзесæн кран, «Стеклотарæ» – цемент. Вагæнттæцалцæггæнæн заводи косгутæй арæзт æрцудæй сæрмагонд бригадитæ, етæ аразтонцæ танкити нихмæ цæнгæт «узунтæ». Вагæнтти цæлхитæ къуаргæйттæй нихастонцæ кæрæдзебæл, æма сæ æвардтан сахари гъæунгти.

Аллихузон мадзæлтти фæрци сахари цæрæн хæдзæрттæн се 'мбес арæзт æрцудæнцæ федæртти хузи, доттæ æма дзоттæ арæзт цудæнцæ хæдзæртти æма æндæр рауæнти. Еци гъуддаги мах испайда кодтан Севастополь, Ленинград æма Сталинград гъæуай кæнуни фæлтæрддзийнадæй.

Партион æма фæскомцæдесон æмбурдти не 'фсæддонтæ иннæ æфсæддон хæйтти хузæн, ард хуардтонцæ: «Еу ампъез дæр фæстæмæ нæ!» Мах хуарз лæдæрдтан, фæстæмæ цæуæн ке нæййес, уой. Æма цæттæ адтан знаги нихмæ мæлæтдзаг тохи бацæунмæ. Знагбæл æнæмæнгæ фæуууæлахези туххæй, æфсæдтæ сæ хъаурæ æма æхсарæ равдистонцæ Гизæли тугъдтити. Сахармæ хæстæг немуцæгтæ берæ минитæ ниввардтонцæ адæгти. Хъуæцæгæнагæ шашкитæй испайда кæнгæй, не 'фсæддонтæ бацæуæнтæ аразтонцæ, минитæ кæми æвæрд адтæнцæ, уоми. Гизæли тугъдон операций берæ сурхæфсæддонтæ æма афицертæ фескъуæлхтæнцæ. Е адтæй еугай адæймæгути нæ, фал дзиллон бæгъатæрдзийнадæ.

Фестæг æфсæдтæн хъæбæр агъаз кодта авиаци. Хуæдтæхгутæ берæ къуæрттæй тахтæнцæ æма тахтæнцæ знаги позицити сæрмæ, уæлдæфи атакæ кодтонцæ немуцаг авиаций. Мах бомбæгæлдзгутæ, кунæггæнгутæ æма штурмовиктæ æнцад нæ уагътонцæ знаги. Махæй алкедæр уидта, нæ авиаций ратахти фæсте немуцаг танкитæ куд сугъдæнцæ, уой. Нæ авиаций бæгъатæр тугъдон архайгутæ никки нифсгундæр ма кодтонцæ еугур æфсæдти.

Нæ авиаций туххæй А. Каравай хумæтæги нæ дзурдта, – уой архæйдтитæ деси æфтудтонцæ æфсæддонти. Уой туххæй дзурдтонцæ нæ иннæ иуазгутæ дæр – фестæг æфсæдтæ æма артиллерион æфсæддон хæйтти минæвæрттæ. Авиаций туххæй лæмбунæг радзурдта бæгъатæр тæхæг **ЗÆНГИАТИ Владимир**. Уомæн знаг æргæлста æ хуæдтæхæг, содзгæ дæр ма кодта, фал уæддæр æгасæй байзадæй, мардбæл дæр æй банимадтонцæ, уотемæй ба знагæн уæлдæфæй кодта хъаурæгин цæфтæ. Владимир æхе бæгъатæрдзийнади туххæй неци дзурдта, фал сæрустурæй кодта е 'мбæлтти кой, етæ тугъди сæхе куд æхсаргинæй равдистонцæ, уой фæдбæл адтæй æ радзубанди.

– Райдайæни нæ авиаций агъаз æфсæдтæн хъæбæр лæмæгъ адтæй, – дзурдта Владимир. – Уомæн берæ анхосæгтæ адтæй, фал махæн, тæхгутæн, зин адтæй нæ фестæг тугъдон æфсæдтæн байагъаз кæнун цæйбæрцæ нæ фæндæ адтæй, уойбæрцæ нæ бон ке нæ адтæй, е.

Не 'фсæдтæ еугурæйдæр ку нимпурстонцæ, уæд уавæр бустæги раййивта. Æз службæ кодтон 230 штурмовикти авиаций æвдæймаг полкки, æма нæ куддæр сахар Орджоникидзей размæ æрбарвистонцæ, уотæ активонæй архайун райдæдтан знаги нихмæ тугъдтити, нæ сæйрагдæр ихæс адтæй немуцаг танкитæ æма хæрдмæхсæн артиллерий батарейтæ дæрæн кæнун. Уæд мах райстан хъаурæгин хуæцæнгарз – реактивон дзармадзанти нæмгутæ, æма си пайда кодтан айдагъдæр знаги танкитæ æма хæрдмæхсæн артиллерий нихмæ.

Майрæмадаги размæ берæ немуцаг танкитæ æрæмбурд æй, зæгъгæ, нин ку фегъосун кодтонцæ, уæд мах нæ них хъæбæрдæр исаразтан уордæмæ. Штурмовиктæ тахтæнцæ 600 æма сауæнгæ 150 метрей бæрзæндæн. Æма кæд уотемæй мах хъæбæр тæссаг рауæн æвардтан нæхе, уæддæр нæ нисан къохи æфтудæй берæ æнтæстгиндæрæй. Ниллæгути тæхгæй немуцаг танкити ку басугътан, уæд нæ тугъдонтæ акъоппитæй рагæппитæ кæниуонцæ æма нин æрдзæф кодтонцæ.

Нæ авиаци тахтæй эшелонгай. Бомбитæгæлдзгутæ тахтæнцæ 2-2,5 километрей бæрзæндæн. Устур ахсгиаг адтæй, нæ авиаци фестæг æма иннæ æфсæдти хæццæ æмархайд гъæугæ уагæбæл ке кодта, е. Еци гъуддаги Гизæли тугъдон операцийæн ес устур ахедундзийнадæ.

– Сахар Орджоникидзей бунмæ, – загъта æ радзубандий кæрони Владимир, – немуцаг-фашистон æфсæдти агъазиау къуар дæрæнгонд ке 'рцудæй, е фæссикк кодта фашистон командæкæнуйнади нисантæ. Æма уой фæрци, сæ бон нæбал бацæй Цæгат Кавказæй е 'ннæ æфсæдтæн фæййагъаз кæнуни туххæй, еу салдат дæр барветун.

Нимпурсти дзамани тугъдтити аллихузон æфсæдтæ еумæйагæй куд тох кодтонцæ, уой туххæй радзурдта запаси болкъон **Валентин КАЛЕНЮК.**

– Гизæли тугъдон операций рæстæг артиллери æхуæдæг цудæй фестæг æфсади æмрæнгъæ, – загъта е. – Нæ полкки адтæнцæ, æфсади тугъди агъоммæ ка службæ кодта, уæхæн салдæттæ æма афицертæ. Ардæмæ æрцæугæй, мах æрбунат кодтан сахарæй минкъий уоддæр. Ами артиллери хъæбæр берæ адтæй, æма нимпурст ку райдæдта, уæд мах полк дæр минкъий гъуддæгутæ нæ исаразта.

Немуцæгтæ Иристони дæрæнгонд ку 'рцудæнцæ, уæдта нæ рарвистонцæ Кубанмæ. Уоми дæр полк æхе равдиста бæгъатæрæй. Тугъд фæцан Берлини.

Устур ахедундзийнадæ адтæй Малгобеки æма Елхотти размæ тугъдтитæн. Уой туххæй ба дзурдтонцæ иннетæ.

– Æз уæд адтæн 28-аг фестæг æфсади снайперти роти командири хуæдæййевæг, – загъта **Михаил МЕДНИКОВ**. Нæ бригадæ адтæй Малгобеки рази. Ами 1942 анзи октябрæй 1943 анзи январмæ цудæй карз тугъдтитæ. Æма кæд знаг Малгобек байахæста, уæддæр æ бон нæбал бацæй идарддæр æмпурсун. Сахар Орджоникидзей размæ немуцæгтæ дæрæнгонд ку 'рцудæнцæ, уæд мах дæр размæ æмпурстан. Уæд фæццæф дæн, æма цалинмæ исдзæбæх дæн, уæдмæ не 'фсæддон хай адтæй идард, Хорискæсæни. Уоми æй байййафтон æз дæр.

Малгобеки размæ тугъдтити сæхе бæгъатæрæй равдистонцæ нæ дууæ æмбæстаги – Советон Цæдеси Бæгъатæр **АБАЙТИ Æхсарбег** æма **ЗÆЛЕТИ Михаил.**

– Мах фараст лæхъуæни адтан Дигори гъæуæй. Æз æма Михаилбæл цудæй æвддæсгай æнзтæ, – загъта Æхсарбег. Нæ еугурей дæр рарвистонцæ еу ротæмæ. Нæ Райгурæн Иристон багъæуай кæнунбæл нæ хъауритæ равдесун нæ хъæбæр фæндæ адтæй. Малгобеки тугъдтитæ карз адтæнцæ. Æз си фæдтæн уæззау цæф. Госпитæли фæсте тугъдтити адтæн Кубани æма Керчи. Фиццаг къуæрттæй еуети хæццæ æз дæр рахизтæн Хъирими зæнхæмæ, æма дууæ суткей дæргъи ме 'мбæлтти хæццæ гъæуай кодтан плацдарм. Уой туххæй мин лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Малгобеки размæ тугъдтити, – загъта Зæлети Михаил, – махæй еу дæр æ бунат нæ ниууагъта, еу дæр нæ фæттарстæй.

Мæздæги размæ тугъдтити архайдта **НИГКОТИ Беза** дæр. Уæд е службæ кодта 409-аг сомехаг фестæг æфсади дивизий, взводи командирæй.

– Æртæ суткей дæргъи мах æнæсцохæй адтан тугъди, æма нæ къохи бафтудæй немуцæгти сæ фиццаг акъоппити рæнгъæй расорун. Нæ артиллери фестæг æфсæдти хæццæ кодта æмдзо. Фал уæддæр знаги тухтæ ами адтæнцæ фулдæр æма дууæ мæйей дæргъи размæ рацудан айдагъдæр фондз километри. Сахар Орджоникидзей бунмæ фашистон æрдонгтæ сæ мæлæт ку 'ссирдтонцæ, уæд мах дæр декабри мæйи размæ бампурстан æма знаги дæрæн кодтан.

Тугъдтитæ Иристони æндæр рауæнти куд цудæнцæ, уой туххæй ба радзурдта уæди 351-аг фестæг æфсади пулеметти взводи командир **РÆМОНТИ Геуæрги.**

– Нæ полккæн бантæстæй размæ рацæун. Не 'фсæддонтæй беретæ ами равдистонцæ устур лæгдзийнадæ. Роти комиссар Агънати Барис, зæгъæн, атаки ракодта батальон, берæ немуцæгтæ цагъди фæцæнцæ, фал Барис æхуæдæг дæр фæммард æй. Декабри кæрони нæ полк рампурста размæ æма карз тугъдтити архайдта Сурх-Дигорæ байсунбæл. Аци гъæу къуар хатти цудæй къохæй-къохмæ.

Немуцаг фашистон знæгти нихмæ карз тугъдтити сæхе бæгъатæрæй равдистонцæ айдагъ фестæг æфсæдтæ нæ, фал артиллери æма фæсфронти ка 'дтæй, еци æфсæддонтæ дæр, зæгъæн, медицинон косгутæ. Уони арæхстдзийнадæ æма бæгъатæр гъуддæгути туххæй радзурдта 276-аг дивизий 404-аг полкки хестæр дохтир **Антон КОЗЛОВСКИЙ.**



Тугъдон намуси циртдзæвæн Мичуринигъæу æма Æрæдони 'хсæн.

***Ленинград багъæуай кæнун æма ‘й блокадæй фæййервæзун кæнуни тугъдтити советон тугъдонтæ бавдистонцæ агъазиау æскъуæлхтдзийнадæ. Уой туххæй 350 минемæй фулдæр æфсæддони, афицери æма инæлари хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ ордентæ æма майдантæй, 226-æн исаккаг кодтонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.***

# ÆНÆБАСÆТТÆ ЛЕНИНГРАД



СОВЕТОН Цæдеси цитгиндæр сахартæй еу, Ленинград байсуни зæрдтæй фашистон æфсæдти разамунд хъæбæр агъазиау тухтæ радех кодта. Ленингради 'рдæмæ æмпурста е 'фсæдти Цæгаттаг къуар, е 'сконди адтæнцæ 16-аг æма 18-аг æфсæдтæ æма 4-аг танкити къуар, æдеугурæй 500 мин тугъдони кæми адтæй, 29 уæхæн дивизий. Къуари сæргъи адтæй инæлар-фельдмаршæл фон Лееб. Еци къуармæ лæвæрд æрцудæй Германий фиццаг уæлдæфон флот, кæцими адтæй 760 хуæдтæхæги. Уонæй уæлдай ма цæгати 'рдигæй нæ бæстæмæ æмпурстонцæ финнæгти авд дивизий.

Уойбæрцæбæл берæ тухтæ фашистон Германий разамунд Ленинградi 'рдæмæ уомæ гæсгæ исаразта, æма сæ фæндæ адтæй, Советон Цæдеси цитгиндæр сахар уотид нæ райсун, фал æй бунисæфт бакæнун, зæнхи цъарæбæл æ фæд дæр куд нæбал байзайа, уотæ.

Гитлер æ хъозæнтти хæццæ 21 сентябри ци доклад «О блокаде Ленинграда» бацæттæ кодта, уоми уотæ загъд адтæй «...мы блокируем Ленинград (герметически) и разрушим город, если возможно, артиллерией и авиацией... остатки «гарнизона крепости» останутся там на зиму. Весной мы проникаем в город... вывезем все, что осталось живое, в глубь России или возьмем в плен, сравняем Ленинград с землей...»

Уæхæн уавæрти Ленинград багъæуай кæнун куд зин адтайдæ, уой бæргæ лæдæрдтæнцæ бæсти разамунд дæр æма сахарæн æхе цæргутæ дæр. Фал уæддæр фæндæ ба еу адтæй: немуцаг – фашистон æрдонгти æрбалæборæги къах гъæуама ма æрлæууа Ленини сахари зæнхæбæл...

Æнæмæнгæ уотæ ке уодзæнæй, уобæл Ленинград гъæуайгæнгутæ федарæй æууæндтæнцæ... Знагæй е æруагæс дæр нæ кодта, æма сахарбæл ку æртухстæй ниххорх æй кæнуни фæндæй, уæд уотæ æнгъæл адтæй æма ленинградæгтæ сæ гъезæмæрттæн нæ бафæраздзæнæнцæ, саст æрцæуудзæнæнцæ, фал е бафæразта: цалдæр мæйей дæргъи (1941 анзи 8 сентябрæй 1943 анзи 18 январи уæнгæ), еци хорхæлвæстæй ци сахар фæддардта, уой байсун сæ бон уæддæр нæ бацæй – е нæ, фал сæхебæл бæрзæйсæттæн цæф æрцудæй, ледзæг фæцæнцæ. Советон æфсæдти тугъдон операци «Искра»-й фæрци 1943 анзи 18 январи Ленинградбæл æртухст тунд æрцудæй, Ладоги цадæ æма фронти рæнгъи æхсæн фæззиндтæй «къæридор» (æ фæтæ адтæй 8-11 километри). Уобæлти 17 суткей дæргъи арæзт æрцудæй æфсæн æма автомобилон нæдтæ. Сахармæ цæун байдæдтонцæ поездтæ æма уæзласæн хуæдтолгитæ хуæлци, тохæндзаумæутти æма æндæр гъæугæ дзаумæутти хæццæ. Немуцаг – фашистон командæкæнуйнади фæндæ Ленинград блокади фæрци ниххорх кæнун æма 'й уотемæй байсунæй неци рауадæй.

Блокади рæстæгбæл абони дæр ма дуйней рæстзæрдæ дзиллитæ дестæ кæнунцæ, сæ уодти нæбасæттондзийнадæн син сæ сæртæй ниллæг ковунцæ. Еугур еци хабæрттæбæл мах дæр нæ газети финстан. Фал уæддæр нæ ихæсбæл нимайæн сæ æримисун абони дæр – еуемæй бæрæггонд цæуй, Ленинград блокадæй исуæгъдæ уни 78 анзей бон, иннемæй ба ихæсгин ан, Фидибæстæ хъæбæр устур фидбилизи уавæри ку бахаудтæй, уæд нæ адæм еумæ куд исистадæнцæ æма куд уодуæлдайæй тох кодтонцæ æ сæрбæлтау – æхе сагъæс си неке кодта, сæ царди берæ ахсгиаг гъуддæгутæ дæр райеуварс кодтонцæ, уотемæй. Е æй дæнцæн кæстæртæн – уотæ ку нæ уа, уæд исонибони нæ Фидибæсти сæрбæл исдзоргутæ ку нæбал уа, уомæй тæссаг æй.

Ленинград немуцаг-фашистон æрдонгтæй багъæуай кæнуни тугъдтити æма уонæми архайгути туххæй, ку зæгъæн, амæйразмæ дæр мухур кодтан. Зæгъæн, тугъди æма фæллойни ветеран, отставки болкъон Толпарти Александри уац дæр. Е уоми куд финста, уотемæй цалдæр боней дæргъи карз тугъдтити фæсте немуцаг æфсæдтæн бантæстæй Лужски гъæуайкæнуйнадон тæлмæ батонун, æма сæ них исаразтонцæ Ленингради 'рдæмæ. 21-аг августмæ знаг байахæста сахар Чудово æма ралух кодта Октябри æфсæнвæндаг, Ленинградмæ ибæл бацæуæн куд нæбал адтайдæ, уотæ. 30 августи ба знагæн бантæстæй сахар Мга байахæссун æма уотемæй Ленинград хецæнгонд æрцудæй бæсти хæццæ бæттæг фæстаг æфсæнвæндагæй.

Фашисттæ 8 сентябри байахæстонцæ г. Шлиссельбург. Еци бонæй фæстæмæ Ленинград бахаудтæй æртухсти. 900 бони æма æхсæви сахар адтæй блокади.

Еци бæнтти фельдмаршæл фон Лееб фæдздзурдта е 'фсæдтæмæ: «Салдæттæ, уæ размæ æнцæ большевикон æфсади байзайæггæгтæ. Еунæг фæстаг цæф æма къуар «Цæгат» бæрæг кæндзæнæй уæлахез. Тагъд рæстæги фæуууодзæнæй Уæрæсей хæццæ тугъд». Уотæ гъуди кодтонцæ фашистон Германий разамунд æма е 'фсади командæкæнуйнадæ. Советон бæсти разамунд æма адæм ба æндæрхузи гъуди кодтонцæ.

Цæргутæ æма фронти æфсæдти хуæлцади уавæр цæхгæрмæ фæллæгъуздæр æй, уæлдайдæр ба знаг Бадаевски хуайраги скълæдтæбæл ку бандзарста, уæд. Уоми адтæй хуайраги агъазиау æвæрæнтæ. 1942 анзи райдайæнмæ еу адæймагæн сутки дæргъи дзол лæвардтонцæ 125-150 грамми, æфсæддонтæн фæйнæ 300 грамми. Дзоли хуæрзгъæдæдзийнадæ фæнниллæгдæр æй.

Уавæр адтæй карз, бæсти уæди разамонæг Сталини загъдау «бæлахи уавæр». Уомæ гæсгæ е фæдздзурдта Г.К. Жуковмæ. Ленингради уавæри туххæй дзоргæй ин загъта уой дæр, æма еци бæлахи уавæрæй фæййервæзунæн алцидæр исаразун ке гъæуй, уой. И.В. Сталин зудта, еци уавæртæй сахар ке фæййервæзун кæндзæнæй айдагъдæр Г.К. Жуков. Сталинæн загъта, кæд уавæр уотæ вазуггин æй, уæд цæттæ æй Ленингради фронтæн командæгæнæгæй рандæ унмæ.

Æма 1941 анзи 13 сентябри Г.К. Жуков инæлар-лейтенант М.З. Хозин æма инæлар-майор И.И. Федюнинскийи хæццæ ратахтæй блокадон Ленинградмæ. Смольныймæ ку бахъæрдтæй, уæд комкоммæ бараст æй фронти командæкæнуйнадæмæ, маршæл Ворошилови косæнуатмæ. Еци рæстæги уоми цудæй фронти Æфсæддон Совети æмбурд. Дзубанди адтæй сахар багъæуай кæнунбæл нæ, фал 'раттунбæл. Жуков балæвардта Ворошиловмæ Сталини финстæг. Ворошилов æмбурди ка адтæй, уонæн неци загъта финстæги туххæй. Жуковæн æхе багъудæй, Ленингради фронти командæгæнæгæй æй ке иснисан кодтонцæ, уой туххæй фегъосун кæнун, загъта, цæмæй Æфсæддон Совети æмбурд æхгæд æрцæуа. Еци-еу рæстæги баханхæ кодта, цæмæй Ленинград багъæуай кæнуни туххæй арæзт æрцæуа еугур гъæугæ мадзæлттæ дæр.

Балтий флоти наутæ адтæнцæ минæфтуд. Жуков бардзурд равардта минитæ уордигæй рандæ кæнун æма наутæ сахармæ хæстæгдæр æрбакæнуни туххæй, цæмæй сæ хуæцæнгæрзтæй фæййагъаз кæнонцæ фронти æфсæдтæн сахар багъæуай кæнуни гъуддаги.

Еци æма æндæр цæхгæрмæ мадзæлтти фæрци Ленинградмæ хæстæг уавæр фендæрхузи æй. Дууердигæй дæр нихмæлæууæг æфсæдтæ æрæнцадæнцæ, карз тугъдтити фæсте сæ къохи ци бафтудæй, уомити. Жуков цубур рæстæгмæ домбай баргъомусæй æрбайеу кодта еугурей дæр, исразæнгард кодта æфсæдти æма адæми нифсхастдзийнадæ æма æхсарæй, æма бундорон æййивддзийнæдтæ æрцудæй Ленингради фронти.

Ленинград багъæуайгæнгути рæнгъити уогæй, знаги нихмæ карз тугъди устур арæхстдзийнадæ равдистонцæ Иристони мингай хъæболтæ. Уони хæццæ æртæ ирон инæлари: Бæройти Михаил, Хъарати Геуæрги æма Цæликкати Хъантемур, Советон Цæдеси фараст Бæгъатæри: Бицати Сергей, Бунимович Юрий, Гæджити Александр, Коняхин Василий, Бзарти Геуæрги, Селютин Аркадий, Мнацаканов Александр, Пасынков Григорий, Цоколати Геннадий.

Санкт-Петербургмæ хæстæг гъæутæй еу хуннуй Джатиево. Æма 'й ами цæргутæ уотæ ба исхудтонцæ, ногираг лæхъуæн Дзаттиати Дмитрийи ном исцитгин кæнуни фæдбæл. Ленинград багъæуай кæнуни тугъдтити рæстæг ба батальони командир майор Дзаттий-фурт ами, цæгаттаг столицæмæ хæстæг, равдиста знаги нихмæ тохи устур арæхстдзийнадæ. Фæммард æй карз тугъдтитæй еуеми.

Кæрдзинигъæуккаг Слонати Алибег ци лæгдзийнадæ æма æхсардзийнадæ равдиста, уомæн ба æмбал нæййес. Е дæрæнгæнæг хуæдтæхæги базурбæл тохи бурæй, фашистон æфсæдти æртухстæй раскъафта эскадрилий командир капитан Н.И. Свитенкой, кæци, радон ихæс исæнхæст кæнгæй æма фæстæмæ здæхгæй, цæф хуæдтæхæг æрбадун кодта будуйрон ихæлд аэродроми кæрони. Ирон цæргæси еци бæгъатæрдзийнади кой райгъустæй еугур дуйнебæл. Алибег дæр æма командирæн дæр бæргæ гъавтонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном раттун, фал цæмæдæр гæсгæ бæгъатæрдзийнадæ равдесæг ирон лæхъуæнмæ æрхаудтæй айдагъдæр Ленини орден.

Ленингради блокадæн æ хай кæд æма 1943 анзи 18 январи тунд æрцудæй, уæддæр æнæгъæнæй ба ист æрцудæй 1944 анзи. Советон æфсæдти Ленинградаг – Новгородаг размæбурсæг операций фæрци – цудæй 1944 анзи 14 январæй ба 1 мартъий уæнгæ. Æ нисан – немуцаг æфсæдти къуар «Цæгат» ниддæрæн кæнун, Ленинградæй блокадæ æнæгъæнæй дæр исесун æма Ленингради облæст знагæй исуæгъдæ кæнун æнтæстгинæй æнхæстгонд æрцудæй. Советон æфсæддонти агъазиау тугъдон хъиамæттæ æма фæразондзийнади, советон æфсæддон разамонгути дæснидзийнади фæрци, немуцаг-фашистон æрдонгтæй уæгъдæгонд æрцудæнцæ айдагъ Ленинград æма Ленингради облæст нæ, фал ма Калининградi облæсти зингæ хай дæр.

Немуцаг-фашистон æрбалæборæг æрдонгтæй Ленинград ка багъæуай кодта, уонæй еу адтæй Толпарти Александр. Æма еци хъазаути бæнттæ имисгæй, уотæ зæгъидæ:

– Адæймаги зæрдæн уиндæй, бакастæй, аййевдзийнадæй æма бæрзонддзийнадæй æхцæуæндзийнадæ æма уæлтæмæнадæ ка хæссуй, еци сахар ка багъæуай кодта, æ сæрбæлтау æ цард ка нæ бавгъау кодта, уони рохс нæмттæ æностæмæ гъæуама еугур фæлтæртæ дæр имисонцæ. Цардæгас ма си ка 'й, уони ба зæрдиагæй гъæуама цитгин кæнæн. Баруагæс уи уæд, уони, Ленинград бæгъæуайгæнгути, æскъуæлхтдзийнади агъазиаудзийнадæн аккаг аргъ искæнун хъæбæр зин æй – еунæг уой зæгъдзæнæн, æма аци сахарæн æ карни æносондзийнадæ фескъудайдæ, æ фæд зæнхи цъарæбæл нæбал байзадайдæ, советон тугъдонтæ знагæн уæхæн æнæбасæтгæ нихкъуæрд ку нæ равардтайуонцæ, уæд. Еци лæгæвзарæн бæнтти Ленингради сæрбæлтау ка тох кодта, уони уодуæлдайдзийнади фæрци, аци цитгин сахар знаги фудвæндитæй фæййервазтæй, æ фарнæ абони дæр цæруй æма æносмæ цæрæд!

Арази ан Толпари-фурти аци гъудий хæццæ. Ленингради сæрбæлтау тохгæнгути хъиамæтти уæлеуагдзийнадæ ба иронх ма уæд, абони фæлтæртæ дæр куд фæразонцæ, айдагъдæр сæхе пайда æма хуарзæн нæ, фал Фидибæсти сæрбæлтау дæр рæстуодæй, сæ хъаурæ æма ацъагъутæй неци æвгъау кæнгæй хъиамæт кæнун.

***ХÆМИЦАТИ Морис***

**Æфсади инæлар, Советон Цæдеси Бæгъатæр Иван Владимири фурт Тюленеви райгурдбæл 28 январи æнхæст кæнуй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1892-1978). Разамунд лæвардта Кавкази тугъдтити архайæг советон æфсæдтæн.**

***ДЗЕСТИ Кудзæг (1905-1981), финсæг: «Еуæй-еу адæймæгутæн айдагъ сæ уиндæ, сæ бакастæй нæ, фал айдагъ сæ коййæй, айдагъ сæ ном зæгъгæй дæр адæймаги зæрдæ барохс уй, циуавæрдæр æхцæуæндзийнадæ æма цийни ранихъулуй. Уæхæн адæймаг адтæй номдзуд ирон финсæг æма революционер Гæдиати Секъай фурт Цомахъ».***


ГÆДИАТИ Цомахъ æ цардæмбал æма æ фурти хæццæ.

# «ЕУМÆЙАГ ЦАРДМÆ БУРСÆН, ЕУМÆЙАГ ЗУНДБÆЛ ЛÆУУÆН!..»


**ГУЛУТИ Андрей,**
(1892-1980)
Цæгат Иристони адæмон поэт

ГÆДИАТИ Цомахъи ном æз фиццаг хатт игъосун байдæдтон, Æрæдони семинари ма ку ахур кодтон, уæд. Е адтæй 1907-1908 æнзти. Ескæд еу хатт семинармæ тундтитæ æма æскъудтитæй æрбахауиуонцæ, паддзахи карз цензурæй ка райервазтæй, газет «Ног цард»-и мухургондæй, уæхæн революцион æмдзæвгитæ («Адæм», «Фæдис»). Семинари ахуркæнуйнæгтæ устур æхцæуæнæй бакастæнцæ еци æмдзæвгитæ æма дзубанди кодтонцæ Хетæгкати Къоста, Цомахъ æма æндæр революционерти туххæй.

Гæдиати Цомахъ – поэт, публицист, драматург, литературовед, публицист. Цомахъ – устур хæларзæрди хецау æма раст адæймаг! Абони дæр ми не 'ронх кæнуй Цомахъи рохс сорæт æма 'й некæд феронх кæндзæнæн мæ царди бæнтти.

Цомахъмæ æз кустон газет «Рæстдзинад»-и редакций 1924-1925 æнзти. Е адтæй газети редактор, æз – бæрнон секретарь. Цомахъ адтæй хъæбæр ахургонд, е хуарз зудта ирон æма уруссаг æвзæгтæ, дæсни адтæй иронау æма уруссагау дзорунмæ, финсгæ дæр кодта еци æвзæгтæбæл. Ескæд æмбурди – скъолай кенæ литературон изæри – ку радзоридæ, кенæ е 'мдзæвгæ ку бакæсидæ, уæд имæ адæм байгъосиуонцæ хъæбæр лæмбунæгæй. Еузагъдæй, адæм берæ уарзтонцæ Цомахъи.

«Рæстдзинад»-и редактор уогæй, Цомахъ куста хуæнхон республики рохсади комиссари хуæдæййевæгæй дæр, фал æ цæстæ хъæбæр дардта газети æрмæгмæ, архайдта уобæл, цæмæй газети ци статьятæ, æма æндæр аллихузон æрмæгутæ мухургонд адтæй, етæ раст æвдесонцæ фæллойнæгæнæг адæми гъудитæ æма турнунддзийнæдтæ, финст цæуонцæ раст æма æнцонлæдæрæн æвзагæй.

Мæ зæрдæбæл ма лæууй еу уæхæн гъуддаг. Газети мухур кодтан Цомахъи статья. Цомахъ æрбацудæй типографимæ, бакастæй е статьяй корректурæ æма рандæй сæхемæ (еци рæстæги цардæй Вокзалон проспектбæл). Адтæй изæр. Æз нæуæгæй бакастæн газети корректурæ æма уойфæсте газети номер мухургонд æрцудæй. Иннæ бон, сæумæй раги, рандæ дæн типографимæ. Кæсун, æма дин мæнæ Цомахъ иссæуй проспекти бульварбæл. Мæхенимæр загътон, утæ раги куд æрбацудæй, зæгъгæ. Цомахъ мин утæ: « Æндри (утæ мæ худта), ме статьяй еу дзурд (æви цифрæ – хуарз нæбал гъудæй кæнун), раст финст не 'рцудæй æма утемæй мухургонд кæд æрцудæй, уæд е хуарз нæй, исраст кæнун æй гъæуй». Æз ин загътон: «Цомахъ, еци бунат æз, корректурæ кæсгæй, исраст кодтон». Е æ медбилти бахудтæй æма загъта: «Æндри, хъæбæр хуарз бакодтай». Утæ лæмбунæг кастæй Цомахъ газети алли гъуди æма алли дзурдмæ дæр. Гъуди ма кæнун, еу зæронд интеллигент, мæ хæццæ газети æрмæги тухххæй дзубанди кæнгæй, загъта: «Æгæр хъæбæр æма тузмæг статьятæ мухур кæнетæ». Еци дзубандитæ æз загътон Цомахъæн. Е мæстгунхузæй загъта: «Мадта куд æнгъæл æй? Уодæнцойнæ беседитæ гъæуама мухур кæнæн газети?»

Редактор уогæй Цомахъ е 'мдзæвгæ кенæ е статья ку 'рбахæссидæ редакцимæ, уæд утæ некæд загъта: «Мухурмæ 'й радтæ». Фал зæгъидæ: «Бакæсай ма 'й». Æз æй бакæсинæ æма мæмæ кæд ести феппайуйнаг уидæ, уæд æй зæгъинæ.

Еухатт æрбахаста еу æмдзæвгæ æма мæмæ 'й равардта бакæсунмæ. Бакастæн æй æма ин загътон, æнкъардгомау финст æй, зæгъгæ. Цомахъ неци исдзурдта æма 'й æ реуи дзиппи исæвардта. Еци æмдзæвгæ еу къуар боней фæсте бакастæй литературон изæри. (Еци изæр, куд ма гъуди кæнун, утемæй се 'мдзæвгитæ бакастæнцæ финсгутæ Къубалти Александр æма Барахъти Гино дæр. Цомахъи æмдзæвгæ фæццудæй адæми зæрдæмæ æма ин хъæбæр нирдзæф кодтонцæ. Æз загътон Цомахъæн: «Радтæ де 'мдзæвгæ æма 'й газети рауадзæн». Е неци исдзурдта, исиста æ дзиппæй æмдзæвгæ æма мæмæ 'й равардта. Ниммухур æй кодтан «Рæстдзинад»-и.

Уæлдæр загътан, Цомахъ циуавæр ахургонд адтæй, уой тухххæй. Е бæрæг æй, иронау æма уруссагау ци критикон статьятæ æма радзурдтæ ниффинста, уонæй (Хетæгкати Къостай тухххæй, Бритъиати Елбиздихъо æма Багъæрати Созури тухххæй, Герцени æма берæ æндæрти тухххæй).

Цомахъ хъæбæр хуарз зудта æрдзæзонæн наукитæ дæр. Гъуди ма 'й кæнун, еухатт мæбæл исæмбалдæй гъæунги æма мин утæ:

– Цæуæн нæ хæццæ…

Æма мæ фæххудта гъæунги уæлæмæ, хуæнхтæ 'рдæмæ. Дзубанди кодта æрдзи тухххæй, стъалути тухххæй. Стъалути тухххæй берæ фæдздзубанди кодта. Æ дзубанди ку фæцæй, уæд бахудтæй: «Гъе утæ, Æндри, гъе!» Æз зæрдибунæй загътон: «Арфæ дин кæнун, Цомахъ, байгъустон дæмæ хъæбæр æхцæуæнæй, æнæгъæнæ лекци мин бакастæ».

Цомахъ мин лæмбунæгæй фæдздзурдта æ царди хабæрттæ дæр – куд ахур кодта Дерпти университети æма куд кодта уоми революцион куст, куд имæ иссирдтонцæ революцион киунугутæ æма листовкитæ, куд ин истæрхон кодтонцæ паддзахи хецæуттæ æма 'й Сибирмæ куд рарвистонцæ. Цомахъ куд дзурдта, утемæй æй ахæстдонæй ку рауагътонцæ, уæд Сибири берæ зиндзийнæдтæ фæууидта, еци сæйгæ, уæззау материалон уавæри кодта маляри куст дæр, адтæй репетитор. Рæугути незæй сæйгæ ке адтæй, уомæ гæсгæ ин (Цомахъ æхуæдæг куд дзурдта, утемæй), барæ равардтонцæ цæрунмæ Сибири хонсарæрдæмæ рандæунмæ. Ахæстæй Цомахъи исуæгъдæ кодта Феврали революци.

1925 анзи исфæндæ кодта Мæскуй В.Брюсови номбæл литературон институтмæ ахур кæнунмæ рандæун. Рарвистон уордæмæ мæ документтæ. Уой тухххæй загътон Цомахъæн дæр. Е загъта: «Хуарз фæндæ искодтай, ахур кæнун хуарз æй. Нурма æригон дæ æма цо. Фал мæ зæрдæмæ хъæбæрдæр университет цæуй. Æз университет уарзун». Уæдмæ мæмæ Мæскуйæй гæгъæди исæрвистонцæ, зæгъгæ, В.Брюсови номбæл институт æхгæд æрцудæй, уомæ гæсгæ дæ документтæ æрвист æрцудæнцæ Ленинграды университетмæ æма дæ уордæмæ рандæун гъæуй. Цæхгæрмæ æрæвардтон фарста, цæмæй мæ редакцион кустæй исуæгъдæ кæнонцæ. Обкоммæ бахъæрдтан Цомахъи хæццæ. Уоми адтæй партион æмбурд. Цомахъи бафарстонцæ: «Æмбал Гулуй фурти æ кустæй ку исуæгъдæ кæнæн, уæд редакций куст ести гъигæдард æрцæуудзæнæй?» Цомахъ загъта: «Гъигæдард æрцæуудзæнæй». «Мадта ин утемæй исуæгъдæгæнæн нæййес», – загъта æмбурди сæрдар. Фал еуæй-еу æмбæлттæ исдзурдтонцæ мæ фарс. Загътонцæ, ку исахур кæна, уæд нæмæ уодзæнæй никкидæр тухгиндæр косæг æма 'й рауадзæн, зæгъгæ. Мæ кустæй мæ исуæгъдæ кодтонцæ, нæуæгæй унаффæ рахастонцæ, цæмæй мин мæ кусти тухххæй еу мæйи мизд æрцæуа премийæй лæвæрд. Обкомæй ку рацудан Цомахъи хæццæ, уæд ин загътон:

«Дессаги адæймаг дæ, Цомахъ. Дæхуæдæг утæ дзурдтай, хуарз æй ахурмæ рандæун, зæгъгæ, нур мæ исуæгъдæ унбæл арази нæбал адтæ». Цомахъ бахудтæй æ фæлмæн худтæй, фал зæгъгæ нецибал кодта. Уой фæсте мин ниффинста хъæбæр хуарз æвдесæндар мæ редакций кусти тухххæй æма 'й æрбахаста редакцимæ, уæдта рандæй редакцийæй æма ма мæмæ гъæунгæй къæразгæй æрбакастæй, бафарста мæ, кæд ма, зæгъгæ, естæй тухххæй нæ ниффинстон, уæд æй бафтауон. Фал ин æз райарфæ кодтон: «Хъæбæр хуарз ниффинстай, æз уой аккаг дæр нæ дæн».

Ленинградмæ ку цудтæн, уæд бафарстон Цомахъи: «Ци дин æрбарветон Ленинградæй». Е мин загъта: «Александр Блоки исфæлдистади тухххæй ести нæуæг финст киунугæбæл ку фембæлай, уæд мин æй рарветæ». Æз ин исæрвистон Ленинградæй Цинговатови финст киунугæ Блоки цард æма исфæлдистади тухххæй.

1928 анзи каст фæдтæн Ленингради университет, раздахтæн Дзæуæгигъæумæ æма кустон ахургæнæгæй. Еци рæстæги ниффинстон ирон литератури тухххæй устур статья. Фæстæдæр еци статья мухургонд æрцудæй газети. Еци статья Цомахъ бакастæй къохфинсти, газети нæма рацудæй, утемæй, æма загъта, ме статьяй хæццæ арази ке нæ 'й. Фал, загъта, арази нæ дæн Цæголи-фурти цæстингаси хæццæ, иронау æмдзæвгитæ метрикон бæрцбарæнæй финсун гъæуй, зæгъгæ. «Хетæгкати Къоста е 'мдзæвгитæ финста силлаботоникон бæрцбарæнæй, æма е раст æй», – бафтудта ма æ загъдбæл Цомахъ.

Еу къуар боней фæсте мин Цомахъ загъта: «Гъæйдæ æма ирон литератури очерк ниффинсæн еумæ». Æз арази адтæн æ хæццæ очерк ниффинсунбæл. Фал Цомахъ фæссæйгæ 'й, æ хуссæнæй нæбал исистадæй æма ин нæбал бантæстæй литератури очеркбæл бакосун.

Цомахъ адтæй уæззау сæйгæ. Куд дзурдтонцæ, утемæй имæ дохтиртæ цæун нæбал уагътонцæ, хъор кæнун æй нæ гъæуй, зæгъгæ. Æз имæ бацудтæн. Уæддæр ма цардæй Вокзалон проспектбæл. Мæ размæ рацудæй æ бийнойнаг, Наталья Ионовна.

– Цомахъи фæууинун мæ фæндуй, – загътон æз. Е бацудæй уатмæ æма загъта Цомахъæн, Андрей дæмæ æрбацудæй, зæгъгæ. Бацудтæн. Цомахъ адтæй уæззау сæйгæ, фæлорс æма æнæхъаурæ, дзурдта тухххæйти. Гъуди ма кæнун Цомахъи дзурдтæ: «Адæймаг дзæбæх, æнæнез ку фæууй, уæд æй алкедæр фæззонуй æма имæ алкедæр фæццæуй, фал ку фæссæйгæ уй, уæд æй феронх кæнунцæ, некебал æй фæззонуй». Æз ин зæрдитæ райвардтон, дзурдтон ин, неке дæ феронх кодта, алкæддæр дин дæ кой кæнунцæ, зæгъгæ. Берæ нæбал фæдтæн Цомахъи рази, рацудтæн æнкъардæй.

Уой фæсте 'й удæгасæй нæбал фæууидтон, æртæ-цуппар боней фæсте рамардæй. Æ мардмæ æрцудæй хъæбæр берæ адæм, банигæдтонцæ 'й уæллаг Иригъæуи уæлмæрдти.

Гæдиати Цомахъ адтæй зингæ революционер, искурдиадæгин финсæг æма æхсæнадон архайæг. Е уидта советон адæми устур уæлахездзийнæдтæ, уидта, советон адæм коммунистон цард ке аразунцæ, уой, æма, æ мæлæтмæ хæстæг, е 'мдзæвгæ «Ныстуан»-и зæрдибунæй финста:

Аразæм, амайæм мах
Стыр коммунизмы гæнах.
Æмбæлттæ! Удфидар ут!
Иумæйаг цардмæ бырсæм,
Иумæйаг зондыл лæууæм,
Æмбæлттæ, размæ тындзут!
1962 анз.

**Æстдæс æма цуппаринсæй анзей размæ (1924 анзи 19 январи) Советти Еугуруæрæсеуон XI съезд рахаста унаффæ: «УСФСР-и каргун дзилли 'хсæн æнахургонддзийнадæ искунæг кæнуни тухххæй».**

*Еу лæг, æ кизги ин ка курдта, еци лæхъуæни бафарста: «Мæ кизгæ ди ци байагора, уони ин еугурæйдæр ке ратдзæнæ, уобæл дæ зæрдæ дарис?..» Лæхъуæн ин загъта: «Уобæл æгириддæр ма тухсæ!.. Дæ кизгæ куд зæгъуй, уотемæй æй айдагъдæр æз гъæун...»*

**Куд зонетæ, уотемæй аци анз 30 декабри æнхæст кæнуй сæдæ анзи Советон Социалистон Республикити Цæдеси исарæзтбæл. Æма айразмæ куд фегъосун кодтан, уотемæй нæ зæрди ес нæ паддзахади еци ахсгиаг цауи фæдбæл сæрмагонд æрмæгутæ мухур кæнун. Мæнæ абони ци уац мухур кæнæн, уой КОЦОЙТИ Арсен ниффинста Цитгин Октябри революций размæ (мухургонд æрцудæй 1910 анзи журнал «Æфсир»-и 12-аг номери) æма, лæдæрд æй, комкоммæ неци барæ даруй ССР Цæдеси исарæзтмæ. Фал æй бакæсетæ бал, уæдта уин зæгъдзинан, еци цауи хæццæ ‘й цæмæн бæттæн, уой.**

## КОЦОЙТИ Арсен

# ХИЗАНТИ ТУХХÆЙ



«Æфсир»-и номерти финст адтæй Дзауи комæй, дан, еу къуар хизантемæн сæ зæнхæ æлдар цъунайраг бонгин лæгтæн рауæйæ кодта. Нæ финсæг æмбал Гулити Ефим гъенцъун кæнуй аци хабарбæл, дес кæнуй, нæуæг закъон, дан, рацудæй æви ци?! Дзæгъæли дес кæнуй нæ финсæг æмбал…

Кæд адтæй раст закъонтæ Уæрæсей? Кенæ си ци закъонтæ ес, уони æнхæстгæнæг кæми ‘й?

Рагæй нурмæ хизантæ удхар кæнгæй цæрунцæ. Уони царди æгъдæуттæй зиндæр ма кæми уа, фал сæ ка уадзуй уотемæй дæр цæрун! Уæд еуæрдигæй æригъусуй, уæд иннердигæй: мæнæ бабæй æлдар уæлдай феддон исæвардта, мæнæ бабæй æнæгъдауæй æфхуæруй.

Еци æфхуæрдтæн, æнæвгъау феддонтæн кæрон нæ уодзæнæй, цалинмæ, хизантæ æлдæрттæй еугур хецæн нæ раунцæ. Фарæ Кавкази наместник бæргæ фæндæ кодта, цæмæй хизантæн, ци зæнхитæбæл цæрунцæ, етæ лæвар байзайуонцæ, æлдæрттæн ба къазнай фист куд æрцудайдæ сæ зæнхити аргъ – фал еци надбæл Петербурги устур хецæуттæ не ‘сарази ‘нцæ…

Æма хизантæ сæ фудæвзарæни цард кæдмæ æрветдзæнæнцæ, бæрæг нæй…

Ка ‘нцæ хизантæ, куд финст адтæнцæ, куд æндæрхузи кодтонцæ хизанти закъонтæ, уой сæхецæй дæр беретæ нæ зонунцæ.

Æз уотæ æнгъæл дæн, æма ами уони туххæй еу-дууæ загъди зæгъун гъæуй.

Раги, нæ хуæнхбæсти адæмти ‘хсæн æзмæнститæ ку цудæй, кæрæдзей цæрун ку нæ уагътонцæ, хъæбæрдæр ба Цæгат Кавкази ‘рдигæй, уæд ирон адæмæй беретæ, сабур царди фадуат агоргæй, лигъдæнцæ Хонсар Кавказмæ, Гурдзимæ. Гурдзиаг æлдæрттæ син лæвардтонцæ цæрунæн сæ лæгъуздæр зæнхитæ. Етæ адтæнцæ фулдæр доргин, пихсгун, цъифдзаст зæнхитæ æма нæдæр хумæн нæ бæзтæнцæ, нæдæр игуæрдæнæн. Фал æрцæуæггæгтæн кæми адтæй хуарзæй æвзарæн – æрцардæнцæ еци лæгъуз зæнхитæбæл. Дуетæ дæр бадзубанди кодтонцæ: æрцæуæггæгтæ æлдарæн ести пайда куд лæвардтайуонцæ кенæ хуарæй, кенæ æндæр естæмæй, уæд æлдар ба еци зæнхитæбæл цæруни барæ уонæй æндæр некæмæн лæвардтайдæ.

Устур фудæбæнтти хæццæ æрцæуæггæгтæ (хизантæ) еци лæгъуз зæнхитæй хуарз хумтæ, хуарз игуæрдæнтæ искодтонцæ æма уотемæй æлдæрттæн устур пайда лæвардтонцæ. Етæ ма никки уомæй пайда адтæнцæ æлдæрттæн, æма ести тасдзийнадæ рæстæги син сæ ес, сæ бон гъæуай кодтонцæ. Дууетæмæ дæр пайда кастæнцæ уæхæн царди æгъдæуттæ æма федауцæй цардæнцæ.

Фал 60-аг æнзти, косгутæ паддзахи манифести фæрци ку иссæребарæ ‘нцæ, уæд сæхецæн цæрæн зæнхитæ æрагурдтонцæ æма уотемæй зæнхи аргъ æнайæнойти фулдæр кæнун байдæдта.

Зæнхагоргутæ ку исахид æнцæ, уæд æлдæрттæ феронх кодтонцæ, хизанти хæццæ рагæй дæр ци æгъдæуттæбæл цардæнцæ, уони, æма сæбæл фулдæрæй-фулдæр феддонтæ æвардтонцæ, кенæ ба сæ еудадзугдæр сæ бунæттæй истун кодтонцæ. Фæстагмæ æлдæрттæ æрцæуæггæгти уотæ æфхуæрун байдæдтонцæ, уотæ берæ хъаугъатæ цудæй сæ астæу, æма сæмæ хецæуттæн дæр нæбал адтæй æнæ ‘ркæсæн.

1891 анзи рацудæй «хизанти закъон». Фал еци закъон уотæ финст адтæй, æма бабæй е дæр нæ бафæразта хизанти æма æлдæртти сæ хъаугъайæй бауорамун. Хъæбæр галеуæрдæмитæ финст æрцудæй еци закъон – кæцирдæмæ дзоруй, циуавæр æй, неке ин неци балæдæрдзæнæй.

Закъони 2-аг статья уотæ зæгъуй: «Хæдзаруатæй, хумгæндæй, игуæрдæнæй, рæзæдонæй цидæриддæр хизанти къохи адтæй, аци закъон цалинмæ рабæрæг æй уæди уæнгæ, етæ нурæй фæстæмæ дæр сæ къохи куд уонцæ нури уæнгæ аргъбæл, нури уæнгæ феддонтæбæл».

Аци статья бакæсгæй, хизан загътайдæ:

– Уæ цæрæнбон берæ уа, махæн нæ бартæ закъонæй ка ниффедар кодта!.. Нур нин тас нæбал æй, æлдæрттæ нæмæ уæлдай æвнæлд нæбал æрбакæндзæнæнцæ.

Фал минкъий æндæдæр 5-аг статья 2-ги дзæбæх фæндитæ нецæмæ æртардта. 5-аг статья уотæ зæгъуй: «Æлдари бон æй хизани æ зæнхæй исистун кæнун, æцæг ин гъæуама анз раздæр æ фæндæ базонун кæна».

Æлдари бон е ку уа, уæд æй ци фæндæуа, уой кæндзæнæй. Æ зæнхи аргъ фæффулдæр кæнун æй ку фæндæуа, уæд зæгъдзæнæй хизанæн:

– Бафедæ мин уойбæрцæ! Кæд нæ федис, уæд дæхе ледзунмæ цæттæ кæнæ, анзмæ гъæуама рахецæн кæнай дæхе.

Кенæ æлдарæн æндæр еске фулдæр аргъ ку феда æ зæнхæн, уæд зæгъдзæнæй:

– Мæ зæнхæ мæхе гъæуй, анзи уæнгæ дæхе исесæ ардигæй.

Бæргæ ма си адтæй еци закъони еу статья – 7-аг, кæци минкъий хуæцуй хизанти фарс, уотæ зæгъуй: «Æлдар хизани æ зæнхæй ку сора, уæд ин гъæуама æ хæдзæрттæн, æ бакуст рæзæдæнттæн дууæ аргъи бафеда».

Фал 7-аг статья дæр неци ‘й, æлдарæн берæ фулдæр æхца ку цæуа лæвæрд, уæд дууæ аргъи дæр æнцонæй бафеддзæнæй. Еци хузæнæй 7-аг статья дæр неци бæрæг фæййагъаз адтайдæ хизантæн…Уæддæр æлдæрттæ еци 7-аг статьяй туххæй еугурæйдæр сæ гæрзтæ рабастонцæ. Гъаст гъасти фæдбæл хæссун байдæдтонцæ Петербургмæ, фæййервæзун, дан, нæ кæнетæ аци дууæ аргъи федунæй, кенæ ба исæфæн.

Ци зæгъун æй гъæуй, Петербурги устур хецæуттæ дæр бабæй æлдæртти фарс фæцæнцæ: 1819 анзи рауагътонцæ нæуæг закъон, кæци фехалдта дууæ аргъи феддон хизанти хæдзæрттæн, æнæуой куститæн ба æгириддæр неци исаккаг кодта.

Уотемæй фæййервазтæнцæ æлдæрттæ 7-аг статьяйæй æма фиццагæй æндиуддæрæй бавналдтонцæ хизантæбæл нæуæг феддонтæ æвæрунмæ æма сæ сæ зæнхитæй сорунмæ.

Ци ма гъæуй æлдари, цæйбæрцæ ‘й фæндæуа, уойбæрцæ феддон исæвæруй æрцæуæггæгтæбæл, ку нæ феда, уæдта ‘й соргæ кæнуй.

Еци хузæнæй 1900-аг анзæй фæстæмæ хизанти фудæвзарæнтæ искарз æнцæ: æлдæрттæ син сæ тог баниуазтонцæ æма син «ма кæнæ», зæгъæг нæбал ес – закъон уони фарс фæцæй…

Фæстаг рæстæги Кавкази дæр æма Петербурги дæр дзорун райдæдтонцæ хизанти цардæн ести æгъдау исаразуни туххæй, фал нурма неци бæрæг ес.

Æнгъæл ан, æма нур ци закъонтæ финст æрцæуонцæ, уонæмæ гæсгæ хизантæн, ци зæнхитæбæл цæрунцæ, уони балхæнуни барæ къазнай фæрци уæддæр ратдзæнæнцæ.

Фæстагмæ, Дзауи ком нæ цæмæй фæрсунцæ, уомæн дзуапп дæттæн:

Æлдар хизанæн анз раздæр ку базонун кæна æ фæндæ æма ин æ ледзæн бон æ хæдзæртти æма æндæрти аргъ ку феда, уæд нури закъонтæй æ бон æй уой расорун, кенæ ба нæ ‘й, æма æфхуæрдтитæ уæд сæ гъаст хъæртун кæнæнтæ Калакмæ.

***

**Нур ба уин зæгъæн, аци уац цæмæн бæттæн ССР Цæдеси исарæзти хæццæ. Фиццагидæр, æвæдзи, байамонун гъæуй хизантæ ка æма ци адтæнцæ, уой. Цæветтонгæ, «хизан» æй гурдзиаг дзурд æма æ медес æй «сосæггаг», уотæ хониуонцæ, æхе ка римæхсидæ, уæхæнттæн сæ цард циуавæр адтæй, е. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма хизантæ исуиуонцæ айдагъ ирæнттæ нæ, фал гурдзиæгтæ дæр.**

**Дуккагæй ба, зæнхитæй æнæхай ке адтæнцæ, уой фудæй хизантæ ци æгудзæгдзийнæдтæ æййафтонцæ, уомæй сæ фæййервæзун кодта Октябри революци. Советон хецаудзийнади фæрци зæнхити хецæуттæ иссæнцæ хумæтæг зæнхкосгутæ.**

**Фал уæдмæ Советон Цæдес фехалдæй. Нæ паддзахади нæуæг хецауеуæггæнæг ка иссæй, етæ фестадæнцæ нæуæг æлдæрттæ, советон доги адæм еумæйагæй кæмæй пайда кодтонцæ, еци зæнхитæбæл фæххæлæф кодтонцæ, еугурæй дæр сæ сæхердигæй фæккодтонцæ, мулкдзæстæй си айдагъдæр сæхе хуарзæн пайда кæнунцæ, уой дæр, мæнæн си абони пайда уæд, исонибони ба цийфæнди дæр уæд, зæгъгæ, тæккæ гъæддагдæр хузи. Агротехники æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг домæнтæ нецæмæ даргæй, æгъатирæй сæ гъезæмарæ кæнунцæ, анзæйанзмæ еци-еу рауæнти таунцæ, фулдæр æхца ци тиллæгæй райсдзæнæнцæ, уæхæн культуритæ. Цæмæй тиллæг ба, минкъийдæр хæрзтæ бакæнгæй, фулдæр райсонцæ, уой зæрдтæй будуртæ æгъатирæй гъæцунцæ аллихузон минералон гъæцæнтæй. Цанæбæрæг рæстæг ма рацæудзæнæй, æма еци зæнхитæ басодздзæнæнцæ еци химикаттæ, æма си хуарз тиллæг нæ, фал хъамилæй уæлдай нецибал зайдзæнæй... Уой фудæй хумæтæг зæнхкосгутæ ба равзурстæнцæ еци мæгурдæйраг хизанти увæри.**

**Уогæ е хецæн, бæлвурддæр дзубандий фарста æй, æма ибæл æнæмæнгæ æрдзордзинан.**

Дигорæ

Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».

Сæйраг редактор: **САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.

Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **730**. Заказ **№144.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 14.01.2722.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 27.01.2022

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.

Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.
Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.